**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**«ӨЗБЕКСТАН ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ТАРИЙХЫ» КАФЕДРАСЫ**

Қудияров А.

Раматуллаев М.

# Шымбай тарийхы ҳаққында



**Нөкис – 2013**

Қудияров А., Раматуллаев М. Шымбай тарийхы ҳаққында. Нөкис, ҚМУ баспаханасы. 2013-жыл, 37 бет.

Китапшада Шымбай қаласы тарийхын үйрениўдиң әҳмийети, изертлениў тарийхына қосылған үлеслер, қаланың пайда болыў ҳәм раўажланыўы, қала турғынларының хожалық турмысы ҳәм қаланың басқарыў тарийхы ҳаққында сөз етиледи. Сондай-ақ қаланың хожалық турмысы ҳаққында сөз етилип, бунда Шымбай базары ҳәм оның әҳмийети, қаланың ишки ҳәм сыртқы саўда байланыслары, санаат кәрханаларының пайда болыўы ҳаққында кең мағлыўматлар тийкарында көрсетип бериледи. Соның менен бирге қаланың мәдений ҳәм руўхый турмысы туўралы, онда қала ҳәм оның әтирапындағы билимлендириў, тарийхый естеликлер ҳаққында мағлыўматлар бериледи

Китапша үлкемиз тарийхы менен қызығыўшыларға ҳәм Қарақалпақстан тарийхын оқытыўшыларға ҳәм студент, магистранлар, изертлеўшилер, илимий хызметкерлер ушын қосымша материал ретинде пайдаланыўына болады.

Пикир билдириўшилер:
тарийх илимлериниң кандидаты Қарлыбаев М.
тарийх илимлериниң кандидаты Сайманов С.

«Шымбай тарийхы ҳаққында» таярланған китапша «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан тарийхы» кафедрасы профессор-оқытыўшыларының 2012-жыл 26-декабрьдеги мәжилисинде додаланды ҳәм баспаға усыныс етилди.

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети оқыў-методикалық кеңеси мәжилисиниң 2013-жыл 1-февральдағы 3-санлы баянламасы менен тастыйықланды.

## Кирисиў

Адамзат турмысының раўажланыў нызамлықларын дурыс түсиниў ушын алды менен оның басынан кеширген жәмийетлик турмысына, тәлим-тәрбиясына байланыслы дереклерди үйренип шығыўымыз зәрүр. Өткен дәўирдеги тарийхты қанша билип алсақ ҳәм дурыс түсинсек усы тийкарда келешекти алдын-ала бағдарлаўға, өтмиштен дурыс жуўмақ шығарыў кереклигин түсинемиз. Биз ертедеги тәлим-тәрбиялық дәстүрлерди пайдаланыў арқалы ғана инсанды қәлиплестириўге жол табамыз. Оның ушын өтмиштеги тарийхымызға, әсиресе билимлендириў тарийхына итибар берсек, келешек жаслар ушын, оларды дурыс жол менен тәрбиялаўға жол салған боламыз. Себеби инсан қыйыншылықлы жағдайға дус келгенде алды менен өзиниң бурынғы тәжирийбелерин ядға түсиреди. Өтмиште топлаған билимлерин есапқа алып, алға раўажланыўға ҳәрекет ислейди.

Усы көз-қарастан алып қарағанда Шымбай қаласының тарийхы ҳәр тәреплеме үлкен әҳмийетке ийе. Халқымыздың бай өтмиш тарийхы ҳаққында Президентимиз И.А.Каримов: «Бийпаян Қарақалпақстан дияры ҳаққында, оның өзине тән тәбияты, әййемги тарийхы ҳәм бийтәкирар мәденияты және көркем өнери ҳаққында қандай әжайып теңеўлер айтылған, қаншама қосықлар, дәстанлар жазылған.

Ҳақыйқаттанда, әййемги Жайҳун бойларында жасап, тәбият ҳәм турмыстың не бир қысыўметлери ҳәм даўылларына мәрдана шыдам берип, қандай аўыр жоллардан өтип, миллий өзлигин, әзелги қәсийетлери менен қәдириятларын сақлап киятырған бул халық ҳәр қандай мақтаўға ылайық. Жүреги нәўпир дәрьядай тасқан, қайсар ҳәм кең пейил, миймандос бул елди жақыннан билген ҳәр бир инсан оның әне усындай әжайып пазыйлетлерин тән алыўы, оған бәрҳама ҳүрмет-иззет көрсетиўи тәбийғый, әлбетте»[1]-деп көрсеткен еди.

Шымбай қаласы республикамыздағы ең ески тарийхый қалалардың бири болыў менен бирге, қарақалпақ халқының бүгинги күнге шекем ең көп топланған ҳәм халықтың өтмиш тарийхын, өзиншелигин сақлап киятырған аймақ болып есапланады. Шымбай қаласы тарийхы өзиниң қоңсылас жасаған халықлардың әдебияты, үрп-әдетлери, тарийхы ҳәм мәдений мийрасларының айрықшалығы менен ажыралып, бул арқалы халқымыздың өз алдына ел, халық, руўхый мәденияты жүдә бай екени көзге түседи. Әлбетте, халықтың руўхый мәденияты бурынғы заманда атадан балаға тәрбия арқалы мийрас болып өтип келген болса, ҳәзирги заманда да өтмиш тарийхымызға айрықша дыққат аўдарылыўының нәтийжесинде үйренип келмекте. Шымбай

---

[1] Өзбекстан Республикасы президентлигине талабан Ислам Каримовтың Қарақалпақстан Республикасы сайлаўшыларының ўәкиллери менен ушырасыўдағы сөйлеген сөзи.// «Еркин Қарақалпақстан» 6-декабрь 2007-жыл.

қаласының тарийхы ҳәм оның мәдениятының руўхый ғәзийнелери, илим ҳәм жәмийетлик ой-пикир жаңалықлары, табыслары, экономикалық ҳәм социаллық тараўындағы иләжлар ҳәм жетискенликлер илимпазлар, әдебиятшылар, журналистлер ҳәм тағы басқа да ҳәр қыйлы кәсип ийелери тәрепинен үйренилип, өз алдына китап, газета-журналларда баян етилип, халқымыздың тарийхына айланды. Буған мысал ретинде 1995-жылы өткерилген илимий-теориялық конференция материаллары, сондай-ақ районлық «Шымбай ҳаўазы» ҳәм басқа да газета бетлериндеги жәрияланған мақалаларды айрықша атап өтиўимиз керек. Булардан академик С.Камалов, тарийх илимлериниң докторы В.Н.Ягодин, М.Мәмбетуллаев, тарийх илимлериниң кандидатлары Х.Есбергенов, М.Қарлыбаев, А.Қудияров, әсиресе қала тарийхының жан күйери марҳум У.Рахматуллаевтың баспа сөз бетлеринде көтерген мәселелери үлкен әҳмийетке ийе екенлигин айтып өтиўимиз керек.

Демек, биз билмеген ҳәм бизиң үйрениўимиз керек болған тарийхтың еле ашылмаған сырларының көп екенлигиниң гуўасы болмақтамыз. Әсиресе бул бағдарда тек ғана илимпазлардың пикирлери менен шекленип қалмастан, ал газета бетлериндеги жәрияланып атырған мақалаларда бүгинги күни халқымыздың тарийхында, жәмийетимиздиң раўажланыўында үлкен хызмет атқармақта.

Себеби ҳәр бир инсан жасап турған жериниң ҳақыйқый тарийхын билиў, усы арқалы жәмийеттеги өз орнын табыў елимиздиң ҳәр бир пуқарасының, әсиресе өсип киятырған жас әўладтың келешекте өзиниң туўры жолын таңлап алыўына ҳәм бүгинги күни жасап атырған тыныш-татыў ҳәм абадан турмысымыздың қәдирине жетиўине жәрдем береди.

Шымбай қаласының тарийхын илимий жақтан изертлеў мәселеси XVIII-әсирден белгили. Бул темаға байланыслы үлкемизге ҳәр қыйлы мақсетте келген, ҳәр қыйлы тараўдағы рус илимпазлары, елшилери, саяхатшылары, әскерий қәнигелери тәрепинен бир қанша мағлыўматлардың жәрияланғаны илимпазларымыздың илимий мийнетлери арқалы белгили. Соның менен бирге жергиликли изертлеўшилердиң де дыққат орайында болғанлығын, олардың мийнетлеринен билиўге болады. Бул мәселеде С.П.Толстов, П.П.Иванов, Т.А.Жданко, Б.В.Андрианов, С.Камалов, Р.Қосбергенов, У.Шалекенов, М.Мамбетуллаев, Х.Есбергенов, Б.Қощанов, А.Алламуратов, Ғ.Хожаниязов, М.Қарлыбаев ҳәм тағы басқада тарийхшылар, басқада илим тараўы ўәкиллери өзлериниң үлесин қосқан еди. Бирақ, соған қарамастан еле халқымыз тарийхында өзиниң изертлениўин күтип турған мәселелердиң көп екенлиги мәлим болмақта. Сонлықтан кең жәмийетшилик өз пикирлерин жәриялап барса тарийхымызды толықтырып барыўға үлес қосқан боламыз.

# 1-бап. Шымбай қаласының пайда болыўы ҳәм оның раўажланыў тарийхы ҳаққында

## 1.1. Шымбай қаласының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы

Ғәрезсизлик жылларында Қарақалпақстан илимпазлары тәрепинен халқымыз тарийхы бойынша көплеген изертлеў жумыслары алып барылды.

Президентимиз И.А.Каримов, «Бизлердиң ҳәр биримиз өз миллетимизди сүйиуўимиз, оның өтмишин, тарийхын үйрениуўимиз шәрт. Ҳәр бир адам өз үрим-путағын билгени жаман болмайды. Бирақ ең әўеле бизлер улыўма миллий мәплер ушын бирликте гүресиуўимиз, миллеттиң абырайын көтериуўимиз ҳәм оны нурлы келешекке алып барыўымыз керек»[1] - деген еди.

Сонлықтан да халқымыздың тарийхын ҳәр тәреплеме үйрениуўде халқымыздың ертеден киятырған мийрасларын сақлап киятырған тарийхый қала Шымбай қаласының орны айрықша әҳмийетке ийе. Шымбай қаласының пайда болыўы ҳәм раўажланыў тарийхы ҳаққында халқымыз арасында ҳәр қыйлы әпсаналардың бар екенлигин көрсетиў менен бирге, илимпазлар тәрепиненде бир қанша изертлеў жумыслары алып барылған. Бул әпсаналарды үйрениуўде ҳәм қала тарийхындағы орнын көрсетип бериуўде көпшилик илимпазлардың мийнет еткенлигин атап өтиуўимизге болады. Олардың арасында С.Камалов, Т.А.Жданко, Қ.Айымбетов, Р.Қосбергенов, У.Шалекенов, М.Мәмбетуллаев, В.Ягодин, Х.Есбергенов, А.Алламуратов, О.Юсупов, М.Қарлыбаев, А.Қудияровлардың илимий мийнетлерин көрсетип өтиуўимизге болады. Сондай-ақ қала тарийхын үйрениуўде У.Рахматуллаев, Ө.Пайзуллаев, У.Хожаназаров ҳәм тағы басқа да ҳәр қыйлы кәсип ийелериниң китапларында, газета ҳәм журналлардағы мақалаларында белгили дәрежеде мағлыўматлар алыўымызға болады. Соған қарамастан Шымбай қаласы ҳаққындағы ҳәр қыйлы мазмундағы, мәйли ол илимий ме, көркем шығарма ма, халық аўыз еки әдебиятының нусқалары ма еледе халық арасынан изертлеўшилер ҳәм қызығыўшылар тәрепинен табылып тарийхымызды байытып киятырғанлығының гуўасы боламыз.

Халқымыздың тарийхындағы аңыз ҳәм әпсаналарға итибар берип қарасақ, оғада бай екенлигин билиў менен бирге Шымбай қаласының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы ҳаққында да халық арасында көплеген аңыз ҳәм әпсаналардың барлығының гүўасы болдық. Оны халық өз тәжрийбелеринен келтирип шығарған. Олар халықтың руўхый суўсынын қандырған, руўхый байлығына айналған.

Қарақалпақ халқының аўызеки әдебиятын изертлеген, белгили илимпаз Қ.Айымбетовтың баянлаўынша Шымбай қаласының пайда болыўы еситиуўимше, қала пайда болмастан бурын бул жерде Чин-бай деген адам

---

[1] Каримов И.А. Жаңаша ойлаў - дәўир талабы. Н. 1997, 23-бет.

мәкан еткен. Көшпели шаруалар қыс айлары келип үш-төрт айлаған малларын сатып жазы менен азық болғандай дән ғәллелерин алып саўда қылады екен. Ал, бәҳәр айы келип, жаз шыққаннан кейин Шымбайдың базары жабылып, саўда сатлық ислери тоқтайды екен. Ал соңғы заманлары Шымбай қыста да, жазда базар болып, Шымбай қаласы үлкен шәҳәр, үлкен қала болған екен дейди.[1]

XIX әсирдиң 70-жыллары халық аўзынан жазып алынған рус экспедициясының ағзаларының мағлыўматында, ҳәзирги Шымбайдың орнында Шахтемир деп аталыўшы қала болған. Ол қала буннан 150 жылдан алдынырақ қырғыз Шахтемир деген киси тәрепинен салынған ҳәм ол қаланың ийеси-ҳәкими болған. Арадан 10, 20 жыллар өткеннен кейин яғный буннан 130-140 жыллар бурын Қоңыратлы Алмамбет Өгиз деген Адам көп нөкер менен қалаға басып кирип, Шахтемирди өлтиреди. Соннан кейин арадан 40-50 жылдай өткенде ҳәр қыйлы себеплер менен халық қаланы таслап Чигил-Буги (ол Шылпық болса итимал) деген жерге көшип кетеди. Соннан арадан бир неше жыллар өткен соң Шахтемир қаласына жақын жердеги көл бойында жасайтуғын Шныбай деген бай адам қарабаханасы шығып қалған қаланы қайта тиклейди. Кейин усы адамның аты менен аталған дейди.[2] Ал, Шымбай деп аталыўы туўралы әпсана ҳаққында У. Рахметуллаевтың пикиринше «бурын ҳәзирги Шымбай қаласының орнында бурынлары қалың тоғайлық болып, оның ортасынан аққан өзектиң еки бойында қарақалпақтың аўыллары жайласқан. Сол аўыллардың биринен талап излеп шыққан ағайинли Шныбай ҳәм Тыныбай деген жигитлер усы жерди мәкан басып, өзлерине иморатлар тиклеп, дийханшылық пенен шуғылланада. Олар дийханшылықтың барлық түрлерин еккен ҳәм оннан мол өним жыйнап алған. Себеби бул жерлер ҳасылдарлы топырақлы болып, егинге қолайлы болған. Ағайинлилер жыйнап алған өнимлерин қоңсыларына апарып сатып турған. Буны көрген аўылласлары менен қоңсы аўыллардан басқа адамлар да көшип келип қоныс басады ҳәм енди бул дәслепки еки адам қоныс басқан жер, бир неше жыл өткеннен кейин кем-кемнен үлкейип қалаға айналған. Ағайинли еки жигит, халқымыздың барлық дақылларын егип, олардан мол зүрәәт жыйнап алып, сол дәнлерин алыстағы Үргенч, Хийўа ҳәм Чаржаў базарларына апарып, оны чай, қант, күкирт ҳәм тағы басқа нәрселерге аўмастырып қайтқан. Кейинирек олар Бухара ҳәм Астрахан базарларына барып саўда ислеп, ол жерлердеги затларды әкелип, Шымбай базарына сатып, дөгеректеги халықтың қызығыўшылығын туўдырып, олардың қалаға көплеп жыйналыўына себеп болған. Усындай ҳәртәреплеме алып барылған саўда-сатлықтың нәтийжесинде, Шныбайдың аты шығып

[1] Айымбетов Қ. Халық даналығы Н.1988. 258 - бет.
[2] Қарақалпақлардың тарийхы бойынша дереклер.//Әмиўдәрья журналы, 1991, №7, 125-бет

кетеди. Халық аңызына байланыслы қала усы адамның атына қойылыўы итимал».

Тап усындай әңгиме Қараөзек районындағы ҳәзирги «Қуралпа» дийхан фермер хожалығында жасаған Қалийла Қосыбаевтан да жазып алынған. Оның айтыўынша әкесиниң атасы Уламбек, көбинесе көл жағалап өскен бескемпир аўылының бир атадан өсип-өнген 40 тай хожалығының базар жумысларын питкериў ушын гөне Үргенч, Хийўаға ҳәм Шайхы Аббас базарларына барып қант, чай, күкирт ҳәм тағы басқа көплеген хожалыққа керекли нәрселерин алып қайтып турғанын, әкеси Қосыбайдың талай мәртебе айтқанын еситтим дейди. Ол ўақытларда Шымбай жоқарыдағы қалалардай үлкен болмаған менен әдеўир дәрежеде базары бар үлкен аўыл екенин айтады. Ол 1830-жылларға туўра келеди.[1]

Жоқарыдағы илимпазлардың мийнетлеринде келтирилген аңызларға итибар берип қарасақ ҳәр қайсысы ҳәр қыйлы бағдарда айтылады. Бирақ қаланың келип шығыў тарийхы адам аты менен байланыслы болып, улыўма адамды адамгершиликке, жақсылыққа, мийрим-шәпәәтке, инсапқа тәрбиялайтуғын бағдарда айтылады.

Усы мазмундағы аңыз халқымыз тарийхында белгили орын ийелеген инсанлардың бири Сийфулғабит Мәжитовтың шығармалар жыйнағында да бериледи. Бирақ бул шығармалар жыйнағында жоқарыдағы китапқа қарағанда Шымбай қаласының қуралыўы, Шымбайдың атасы, Дәўқара деген атамаларда бөлип бериледи. Ал улыўма олардың мазмунын алып қарайтуғын болсақ бир-биринен айырмашылығы жоқ.[2]

Соның менен бирге бул аңыз 1995-жылы қарақалпақ халық аңызлары ҳәм анекдотлары атамасы менен шыққан китаптада келтириледи.

Усы аңызлардан көрип отырғанымыздай-ақ қала тарийхының пайда болыўы бир неше жыллар тереңде екенлигинен гүўалық береди. Халық арасындағы усындай аңыз ҳәм әпсаналар еледе биз билмеген вариантларының бар болыўы мүмкин. Оларды жыйнаў ҳәм үйрениў ҳәр биримиздиң алдымыздағы ўазыйпа болыўы керек.

Қаланың пайда болыўы республикамыздың ҳәм рус илимпазларының илимий изертлеўлеринде VI-XI әсирлерде Әмиўдәрьяның оң жағалығында бурынғы Кердер дәрьясы бойында, Кердер қаласы орнында жайласқанлығы ҳаққында бир қатар тарийхый дәреклерде анықламалар берилген.

Шымбай қаласының аймағы ерте дәўирлерден баслап-ақ бул жерде жасаған көп санлы халықлары, олардың экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўы менен белгили болған. Тарийхый жазба мағлыўматларда XVII-XVIII әсирлерге келип, бул қала Шах Темир деген ат пенен белгили болған.

---

[1] Пайзуллаев Ө. Шымбай изертлеўлер ҳәм аңызларда. Н.1993. 14-15-бетлер.
[2] Мәжитов Сийфулғабит. Шығармалары Н.1992 161-164 бетлер.

Егер қаланың тарийхын 1714-жылы Шах Темир қаласы пайда болған дәуирден есапқа алатуғын болсақ, онда Шымбай қаласына 280 жылдан асламырақ ўақыт болғанлығын, ал егер Кердер қаласы усы бүгинги Шымбайдың тийкары деп есапласақ, онда мың жылдан асламырақ тарийхқа ийе Әмиўдәрьяның арқасына жайласқан ески қалалардың биринен есапланады.

Археолог М.Мамбетуллаев ҳәм тарийхшы О.Юсуповлар 1990-жылы қала турғыны Д.Сапаров тәрепинен табылған материалдың IX-X әсирлерге тийисли деп, Шымбай қаласы орнында X әсирде қоныслық болған. Шымбай қаласының жасы 1000 жыл деп есаплайды.[1]

Шымбай қаласының жасын анықлаў бойынша 1995-жылы Шымбай қаласы ҳәм Шымбай районы ҳәкимлигиниң бирлигинде Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими тарийх, археология ҳәм этнография институты тәрепинен шөлкемлестирилген илимий практикалық конференциядағы илимий баянатларда илимпазлар қаланың жасын XVI әсирдиң екинши ярымында XVII әсирдиң басында пайда болды деп 350-400 жыл болды деп көрсетеди.[2] Буны қала ҳәм қала әтирапындағы жүргизилген археологиялық материалларда тастыйықлайды. Бирақ соған қарамастан қала турғынлары ҳәм айырым илимпазлар қала тарийхын еледе тереңнен изертлеў керек деген пикирлерди билдирмекте. Буған қала ишиндеги ҳәм қала әтирапындағы тарийхый ҳәм мәдений естеликлер тийкар болып есапланады.

Шымбай қаласының әтирапындағы белгили тарийхый естеликлерге Күйиккала, Бағдад қаласы, Ахун баба, Сасық бий естеликлери ҳәм басқада естеликлер болып, олардың тарийхыда Шымбай қаласының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы менен байланыслы болып келеди.

Бул қала ҳаққында белгили илимпазлар Толстов, Гулямовлар изертлеў алып барып өзлериниң пикирлерин билдирген. Ҳәттеки С.П.Толстов Кердер қаласы ҳәзирги Шымбай қаласының орнына туўра келеди деген пикирлерди де билдирген. Бирақ кейин ала оның ҳәм басқада илимпазлардың илимий жақтан изертлеўлери нәтийжесинде археологиялық табылмалардың болмаўы бул пикирден қайтыўына себеп болған.

Шымбай районы жәмийетшилигиниң өтинишине байланыслы Қарақалпақстанлы тарийхшылар менен этнографлар, археологлар 1976-1977-жыллары Шымбай қаласының жасын анықлаў бойынша илимий изертлеўлер жүргизди. Бунда Шымбай қаласындағы Кегейли каналының ески көпир әтирапын, Хан мешит, Сасық бий қорғаны, Ережеп бий қорғанын, Ахун баба,

[1] Мамбетуллаев М.М., Юсупов О.Ж. Города и поселения каракалпаков в XVII-XIX вв.// ӨРИАҚКБның Хабаршысы. 2005 №1-2. 99-100-бетлер.

[2] Тезисы Докладов научно-теоритической конференции «Шахтемир-Чимбай». Н. 1995.

Бағдад естеликлерин изертлеп, оның нәтийжелери академик С.Камалов, М.Мамбетуллаев, Х.Есбергеновлар тәрепинен жәрияланған еди.

Шымбай қаласы яғный оның алдыңғы аты Шахтемир дәўири ҳәм усы қала ҳаққында дәслепки мағлыўматларды үлкемизге келген рус елшилери Гладышев ҳәм Муравинлер берип, олар өз мийнетинде Шахтемир қаласының басқарылыўы, хожалық турмысы ҳаққында жазып қалдырыў менен бирге, сызған картасында да Шахтемирди көрсетип өтеди.

Т.А.Жданко, қазақ ҳәм қарақалпақлар арасына 1741-жылы келген поручик Д.Гладышев пенен геодизист Муравинлер Арал ийелигиниң екинши орайын Шахтемир қаласын барып көрди. Ал усы қала ҳәзирги Шымбайға жақын жерде орналасқан еди деп жазады.[1]

Тарийхшы илимпазлар Б.Шамамбетов ҳәм тарийхшы О.Юсупов пенен биргеликте дүзген «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халықлары тарийхы бойынша дереклер» атамасындағы мийнетинде Шымбайға байланыслы көплеген мағлыўматлар келтириледи. Сондай-ақ У.Рахматуллаев «Шымбай» деген киси атынан Шымбай қаласы пайда болған деп жазды. Тарийхшы О.Юсупов пикиринше Шымбай қаласы ең дәслеп 1850-жылы белгили, бурын кишкене аўыл, кәрўан жол бойындағы қыслаў қорған орын болған дейди. Белгили археолог Я.Гулямов Шымбай қаласынан бурын бул жерде Бағдад каналы болған, сол жерде қорған қала болды деп жазды. Академик В.В.Бартольд мийнетинде Шымбай қаласы жеринде орта әсирде Кердер шәҳәри деп көрсетилген. О.Юсупов тарийхый дереклерден 1689-жылы «Чинбай» деген ел басшысының Улы дәрьядан 53 шақрым жерде макән жайы болды деп көрсетеди. Солай етип, Әмиўдәрьяның төменги ойпатында «Шымбайлылар» XVI-XVII әсирлерде қоныс басқан, жасаған аўылдан қорған қала, соң үлкен шәҳәрге шекемги тарийхый раўажланыўды өтти деп көрсетеди.[2]

XIX әсирге келип Шымбай қаласы Әмиўдәрьяның төмениндеги ең ири саўда-экономикалық, административлик, мәдений орайға айланады.

Үлкемизге келген саяхатшылар, елшилер ҳәм тағы басқада мақсетте келгенлер дәслеп Шымбайға тоқтаған. Соның менен бирге Патша Россиясы жаўлап алғаннан кейин де Шымбай қаласы ҳәм оның әтирапы рус илимпазларының дыққат орайында болған. Бул ҳаққында Каульбарс, Каразин, Собольев, Риза Кули Мырза ҳәм тағы басқалар мағлыўмат береди.

Шымбай қаласы ҳәзирги атама менен шығыс тиллериндеги жазба дереклерде 1730-жылларда ал, рус рус тилиндеги жазба дәреклерде 1810-жыллардан баслап гезлеседи.

---

[1] Жданко Т.А. Қарақалпақлардың тарийхый-этнографиялық очерклери.// Әмиўдәрья журналы, 1992, №10, 112-бет

[2] Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халықлары тарийхы бойынша дереклер. Н. 1995, 39-40-бетлер.

Шымбай атамасының келип шығыўы ҳаққында басқаларға қарағанда арнаўлы изертлеў жумыс жүргизип пикир айтқан Қ.Әбдимуратов болып, оның "Неге усылай аталған" атамасындағы китабында айтып өтеди.

Белгили этнограф тарийхшы Х.Есбергенов Шымбай қаласының пайда болыўы ҳәм раўажланыў басқышлары ҳаққында тынымсыз изертлеў жүргизген илимпазлардың бири болып есапланады. Қаланың жасын анықлаўда, қала ишиндеги ҳәм оның әтирапындағы естеликлерди үйрениўде үлкен үлес қосқан.

Шымбай қаласының ҳәр тәреплеме раўажланыўына халық арасында "Кесе жол" аты менен белгили жолдың қаланы басқа қалалар менен байланыстырыўы үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтан да Шымбай қаласы Кеңес ҳәкимияты дәўиринде де өзиниң әҳмийетин жоғалтпастан, керисинше 1926-жылы қала статусын алыўға ерисип, ҳәттеки Қарақалпақстан Автономиялы ўәлаятының пайтахты болыў ушын ҳәрекетлер исленди. 1931-жылы қалада дәслепки санаат кәрханаларының бири пахта тазалаў заводы, бурынғы қаладағы бардамлы исбилерменлердиң кишкене заводларының тийкарында иске қосылды. 1913-жылғы жоңышқа тухым тазалаў заводы өз өнимлерин сыртқа шығарып тек ғана Шымбайдың емес, ал халқымыздың атын жәҳәнге танытқан еди.

## 1.2. Қаланың басқарыў тарийхы ҳаққында

Шымбай қаласы Әмиўдәрьяның оң тәрепиндеги әййемги дийқаншылық орайында жайласқан. XVII-XIX әсирлерде Қарақалпақстанда үш дийқаншылық орайы болған. Қаллы көл, Қусхана таў, Кегейли. Соңғы еки дийқаншылық орайы Әмиўдәрьяның оң алабына жайласып, олардың ҳәкимлик, экономикалық, мәдений саўда ҳәм өнерментшилик орайы Шымбай қаласы болған. Себеби бул қала географиялық жақтан қолайлы орынға жайласқан. Шымбай қаласының ҳәм оның әтирапының жерлери дийқаншылық, шарўашылық, балықшылыққа қолайлы болған. Сондай-ақ Шымбай қаласы өз әтирапындағы еллер менен байланысатуғын суў ҳәм қурғақтағы кәрўан жоллардың кесискен жеринде жайласқан. Сонлықтан бул қала ҳәкимлик, экономикалық, мәдений орайға тезирек айланған.

Шымбай қаласының ҳәр тәреплеме раўажланыўының бир себеби бул жерде ески жоллардың бири кесе жол болған. Ол арқада Қазақстан, Россия ал, түсликте Хожели, Гөне Үргенч, Хийўа–Бухара ҳәм тағы басқа ири қалалар менен Шымбай қаласының саўда ислерин байланыстырған.

XIX әсирдиң 50-жылларында Әмиўдәрьяның төменги жағында болып өткен сиясий ўақыялардан кейин Хийўа ханы қарақалпақларға қарсы бир қатар илажлар көриўге мәжбүр болды. Қарақалпақлар үстинен қадағалаўды күшейтиў мақсетинде 1863-жылы Сейтмухаммед хан Шымбай қаласының

ҳәкими етип, өзиниң исенимли адамы Махмуд Нияз жасаўыл басыны белгилейди. Усы даўирде еки найыб белгиленип, биринишлерден болып бул лаўазымға қолдаўлы қәўиминен Шержан бий ҳәм қыпшақлардан Бекмухаммед тайынланған. Олардың басқарыў орны Шымбай районы аймағында болған. XIX әсирдиң орталарында Шымбай әҳмийетли административлик ҳәм саўда орайы болып барлық оң жағалықтағы қарақалпақ аўыллары оған қарайтуғын еди. Бул жерде Шымбай қаласы қарақалпақ елин басқарған бийлер, аталық, мехрем, найыб, аға бий, елиўлик ҳәм байлар жыйналып қуралтай ашатуғын, «болыс» сайлаўы өткеретуғын, Бухара, Хийўа саўда базарларынан қалыспайтуғын әжайып саўда орнына айланды. Сондай-ақ Хийўадан келген лаўазымлы адамлар болған. Жыйналған салық дәслеп Шымбайға әкелинип кейин Хийўаға жиберилген.[1]

Шымбайдағы ҳәм усы арқалы оң жағалықтағы қарақалпақларды басқарыў туўралы Хийўа жылнамаларында төмендегише мағлыўматларды көремиз. Ағакий жылнамасында көрсетиўинше 1858-жылдың басында Ҳәкимнияз аталық қарақалпақлардың он төрт урыўын басқарған. 1858-жылдың орталарындағы ўақыяларды жазыў барысында қарақалпақлардың он төрт урыўын басқарған Ҳәкимнияз аталықтың бир қанша ўақыт даўамында Шымбайда болғанлығы айтылады. Кейин ала усы жылнамадағы көрсетилгениндей 1863-жылдың 17-февралында барлық қарақалпақлардың ҳәкими етип бурынғы бул лаўазымды ийелеген Аллаберген Махремниң орнына Махмуд Нияз жасаўыл басының сайланғанлығын ҳәм оның орайлық қаласы ретинде Шымбайдың белгиленгенлиги атап өтиледи. Аллаберген Махрем 1858-жылдың июнь айында Шымбайға жиберилгенлиги айтылады. Усыларды салыстыра отырып Ҳәкимнияз аталық қарақалпақлардың он төрт урыўын 1858-жылдың орталарына шекем басқарған, буннан кейин Шымбайға Аллаберген Махрем тастыйықланып, бирински ол он төрт урыў арысының басшысы ретинде, ал кейин барлық қарақалпақлардың ҳәкими етип белгиленген. Ал Ҳәкимнияз аталықтың Шымбайдағы хызмети 1856-жылдан бурын болған болыўы керек. Себеби Ағакийдиң көрсетиўи бойынша Ҳәкимнияз аталық ҳәм Қудайберген бий 1855-жылы ноябрьде ханның тапсырмасын орынлай отырып Хийўада қалғанлығын көрсетип өтеди. Демек бул ҳүжжетлердиң көрсетиўи бойынша Ҳәкимнияз аталықтың Шымбайда басқарған дәўири 1856-1858-жылдың орталарына туўра келеди.[2] Бул бойынша илипазлар тәрепинен жыйналған материалларда жазыўынша Ҳәкимнияз аталык 1856-1858-жыллары, Алламберген мехрем 1862-жылға шекем, Махмуд Нияз жасаўыл басы 1862-жылдан кейин, ал қыпшақ Ережеп бий аға баба 1873-жылға шекем ҳәкимшилик еткен. 1873-жылдан кейин

[1] Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. Т. 1968. 129, 133-бетлер.
[2] Документы архива хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков. М. 1967. 15-16-бетлер.

Шымбайды рус императордың ҳәм ярым патшаның буйрығы менен рус дворянларынан шыққан, әскерий дәрежедеги адамлар басқарған.[1]

Хийўа ханларының архивлериндеги қарақалпақлар тарийхына тийисли ҳүжжетлерди изертлеген тарийхшы А.Жалиловтың мағлыўматлары бойынша Ережеп бий Раис деп көрсетилип, ол қарақалпақ қыпшақ қәўиминиң көзге көринген әскерий ҳәмелдары ҳәм урыў баслығы болып, кейин ала раислик ҳәмелине тайынланған. 1863-жыллары оның қол астында 20 атлы нөкери болғанлығы мәлим. Сондай-ақ ол жүзбасы деп те көрсетиледи. Ережеп раис басқа раислар сыяқлы шәрият тәртип қағыйдаларын диний мәресимлердиң орынланыўын базарларда тәрезилерди тексериў, қалалардың тазалығы ҳәм қәўипсизлигин тәмийинлеў сыяқлы ислерге жуўапкер болған.

Ол ханлықта жетпис жыл хызмет қылған. Үш ханлық Мухаммед Амин, Сайит Мухаммед ҳәм Сайит Мухаммед Рахим хан дәўиринде Хийўа ҳәкимятында белгили адамлардан болған. Шымбайға жақын жерде Ережеп қала деген қорған да болған.[2] Сондай-ақ ол Хийўа ханларының исенимли адамларының бири ретинде ең әҳмийетли ўазыйпаларды орынлаў менен бирге қоңсы еллерге елшилик хызметлеринде атқарған.

1873-жылы Әмиўдәрьяның оң жағалығындағы халықлар Россия қурамына өтиўи менен Әмиўдәрья бөлими шөлкемлести. Ол еки участкаға бөлинди. Оның бир участкасына ҳәзирги Әмиўдәрьяның төменги оң алабындағы барлық халықлар қарап, оның орайы Шымбай қаласы болған.

1875-1876-жыллары шөлкемлестириў комиссиясының усынысы ҳәм қадағалаўы менен, жергиликли ҳәкимшилик тараўлары ҳәм ҳәмелдарларын белгилеўге сайлаў өткерилди. Оң жағалықтағы еки участкада болыслықларға, ал олар, аўыллық жәмәәтлерге бөлинди. Шымбай участкасы дәслеп 9, кейинлеў 12 болыслыққа бөлинди. Болыслықтың басқарыўшысы болыс болды. Сол ўақытлары Шымбай болыслықлары 37 ақсақалларға бөлинди. 1876-жылы болыс сайлаў ўақтында қазылар да сайланды. Қазы, болыс, ақсақаллар үш жыл мүддетке сайланды. Усы сайлаўда Шымбай участкасы бес судлыққа бөлинди.

Шымбай участкасы баслығының басқарыў жайы дәслепки ўақытларда Нөкисте жайласқан болса, ал кейин ала Шымбай қаласына көширилген. Буған мысал Шымбай қаласындағы Тас больница жайы болып есапланады. Бул жай Патша Россиясы ўақтында ҳәм кеңес ҳәкимяты дәўиринде де тек ғана басқарыў орайы болып қалмастан, соның менен бирге халқымыздың тарийхында үлкен әҳмийетке ийе тарийхый ўақыялардың да орайы болғанлығы мәлим. Усы жерде 1916-жылы патшашылыққа қарсы халықлық

---

[1] Қыпшак Ережеп бий, Аға – баба. Н. 1992. 7-бет.

[2] Жалилов О. XIX-XX аср бошларидаги қорақалпоқлар тарихига оид мухим хужжатлар. Т. 1977. 87-бет

көтерилистиң болғанлығы белгили. 1919-жылы 5-14-август күнлери усы емлеўхана жайы комиссарлардың штабы ҳәм олардың жасаған жайы болғанлығы белгили. Бул жайға яғный Тас больницаға орналасқан Төрткүл комиссарлары Шымбайдағы болып атырған ўақыяларды сапластырыў жәнеде жағдайды турақластырыў ҳәм беккемлеў ушын жумыслар ислеген. Кеңес ҳәкимяты орнағанға дейинги басқарыў орайына ҳәм медицина талабына ылайықлы бул жай 1913-жылы салынған. Бул жай усы күнлерге дейин айтарлықтай өзгерислер ушыраспай жүдә жақсы сақланбақта.[1]

Кейинги ўақыттағы баспа сөздеги мақалаларға итибар берип қарайтуғын болсақ Тас больница ҳаққындағы тарийхқа еледе толықтырыўлар керек деп ойлаймыз. Себеби сол дәуирдеги халкымыздың басқарыў тарийхында белгили орынға ийе Нөкис (Нөкистеги жай ҳәзир бузылған) ҳәм Шымбайдағы тастан салынған бул жайлар бир ўақытта салынады. Усы дәуирде участка приставының жайласыў орнын Нөкистен Шымбайға көширип, Шымбайдан участка приставы ушын жай салыў кереклиги айтылады. Бул ҳаққындағы мәселе 1897-жылы көтерилген болса, арадан 4 жыл өткеннен кейин 1901-жылы 9-январьдағы мағлыўматта Шымбай участкасы приставы ушын Шымбайдан тезирек қурылысты баслаў кереклиги айтылады. 1901-жылы 15-февральда бөлимниң инженери капитан Зараков салынатуғын жайдың жойбары ҳәм сметасы исленгенлигин билдиреди. 1901-жылдың 9-апрельинде пристав жайын баслаў ушын орын ажыратылып, оның әтирапларында абаданластырыў жумыслары исленип атырғанын айтады. Бирақ бул жумыслар кейинге қалдырыла береди. Тарийхый мағлыўматларға қарағанда 1914-жылы Нөкис ҳәм Шымбайдағы жайдың қурылысы басланып, бул бойынша шәртнама дүзилип, ол 1916-жылы 15-инюьда питкерилиўи керек болған.

1914-жылы 21-август күни Әмиўдәрья бөлиминиң началниги Трошкин ҳәм Ташкентли Алим хожа Ҳәкимхожаев ортасында Нөкис ҳәм Шымбайда участкалық емлеўхана салыў ҳаққында шәртнамаға қол койысады. Буның проекти ҳәм сметасы 1909-жылы 13-октябрьде Түркстан генерал-губернаторы тәрепинен тастыйықланған. Шәртнама бойынша емлеўхананың қурылыс жумысларының барлығын ислеў ҳәм питкериўди Алим хожа Ҳәкимхожаев өз жуўапкершилигине алып, қурылысты питкериў 1916-жылы 15-июньға деп көрсетилген. Шәртнамада қурылыстың тырнағын салыў, гербишлерди таярлаў, усталық жумыслары, сыбаў ҳәм тағы басқа жумысларды питкериў ўақтына шекем анық көрсетилген. Улыўма Нөкистеги ҳәм Шымбайдағы емлеўхананың ҳәр бирине жумсалатуғын қаржы 31726 р.

[1] Үббиниязов Ж., Есбергенов Х. Комиссарлар естелиги.// ӨзРИАҚҚФның Хабаршысы. 1988. №3. 77-78-бетлер.

26 к. деп белгиленген.[1] Илимпазлардың мийнетлеринде көрсетиуинше бул жай өз ўақтында питкерилген ҳәм администрация Шымбайға көше баслаған.

1917-1920-жылларда Шымбай қаласы Әмиўдәрьяның төменги тәрепинде, Хорезм ҳәм Ташаўыз областларында совет властын орнатыў ҳәм беккемлеў штабының жайласқан орны ҳәм административлик-сиясий орай болды. 1920-жылы Әмиўдәрья бөлими Әмиўдәрья областы болып қайта шөлкемлестирилди. Ол еки уездге, Шорахан ҳәм Шымбайға бөлинип, Шымбай уездиниң орайы Шымбай қаласы болды. Шымбай уездинде 52 аўыллық кеңес ҳәм 12 болыслық аткарыў комитети шөлкемлестириледи. Усы ҳәм буннан кейинги дәуирдеги болып өткен өзгерислерде Шымбай қаласының орны ҳәм ондағы орналасқан басқарыў шөлкемлериниң орнының үлкен екенлигин атап өтиўимиз керек.

## 2-бап. Шымбай қаласының хожалық турмысы

### 2.1. Шымбай қаласы турғынларының хожалық турмысы

Қала тарийхы жәмийеттиң раўажланыўында әҳмийетли орын тутып, халықтың экономикалық-сиясий ҳәм руўхый турмысындағы раўажланыўшы орай ретинде хызмет етеди. Сонлықтан да қала тарийхын үйрениў, қала турғынларының хожалық турмысы менен тығыз байланыслы. Бул материаллық ҳәм руўхый мәдениятымызды үйрениўде ҳәм оны қайта тиклеўде, жасларды миллий сезимде тәрбиялаўдағы әҳмийети үлкен. Бул мәселеде Шымбай қаласы Қарақалпақ халқының тийкарғы орайы ретинде үлкен орын ийелейди. Қаланың хожалық турмысы ҳаққында XVIII - әсирде, XIX әсирдиң ақыры, XX әсирде жүргизилген илимпазлардың изертлеў материалларында бир қанша мағлыўматлар ушыратыўға болады. Шымбай қаласы турғынларының хожалық турмысын үйренгенде қала әтирапы менен байланыста алып барыў керек. Барлық қарақалпақ халқының турмысындағы сыяқлы Шымбай қаласы ҳәм оның әтирапындағы халықтың турмысында да дийқаншылық пенен мал шарўашылығы ең әҳмийетли орынды ийелеп келди. Соның менен бирге өнерментшилик, саўда, балықшылық ҳәм басқа да хожалықтың ҳәр қыйлы тараўларын халықтың күнделикли турмысында ушыратыўға болады.

Шымбай қаласы Әмиўдәрьяның оң жағасында жасаўшы барлық халықлардың хожалық турмысында тийкарғы орай болып есапланады. Буны дәлиллеўши мағлыўматлар көплеген тарийхшы илимпазлардың мийнетлеринде ушырасады. Тарийхшы Х.Есбергеновтың жазыўынша XVI әсирден басланған саўда жолы Шымбайды арқа тәрептен Қазақстан далалары

[1] Кудияров А. Нөкис қаласы тарийхынан.// «Еркин Қарақалпақстан» 13-август 2002-жыл. Қудияров А. Нөкис тарийхының гуўасы.// Нөкис ҳақыйқаты. 11-сентябрь 2003-жыл.//

ҳәм усы арқалы Россия менен байланыстырады. Ал қублада отырықшы халықлар менен байланысты. Бул жоллар Қаратереӊ-Тахтакөпир-Шойыншы аўыл-Айымбет ийшан-Торғай терек-Бийик мешит-Назар ахун баба-Зайыр-Арал теӊизи менен байланысты.[1] Әтираптағы халықлар ҳәм елатлар менен болған ҳәр тәреплеме бул байланыслар Шымбай қаласында жасаўшы халықтыӊ көбейиўине, хожалық турмысыныӊ ҳәр тәреплеме өсиўине мүмкиншилик туўдырды. XIX әсирдиӊ орталарында үлкемизге келген Венгриялы Вамбери оӊ жағалықтағы Шымбай ҳәм Шорахан қалалары ханлықтыӊ арқасындағы еӊ баслы қалаларынан есапланады деп көрсетеди.[2]

Шымбай қаласы ҳәм оныӊ әтирапында өнерментшилик раўажланған. Шымбайдағы ҳәр қыйлы кәсип ийелери өзлериниӊ таярлаған өнимлерин тек ғана ишки базарда емес, ал сыртқы базарға да шығарып турған. Сонлықтан Шымбай қаласы өзиниӊ даӊқы менен көп жерлерге танылған. Шымбайда арбашы аўыл, Үйши аўыл, Көкши қала, Қумбызшы аўыл, Көнши аўыллар биригип үлкен қалаша пайда етип, оларда ҳәр түрли өнерментлер жасаған. Олардан темиршилер, арбашылар, етикшилер, көншилер, мыскерлер, зергерлер, үйшилер ҳәм басқа да өнерментшиликтиӊ көп түрлери болғанлығы белгили. Олардыӊ жасаған жерлери ҳәзиргеше сол ўақыттағы аты менен аталып киятыр. XIX әсирге келип қалада үлкен базар болған. Бул жерде көплеген саўда орынлары, кәрўансарайлар, нанбай ханалар менен көплеген шайханалар болып халқымыздыӊ турмысын жақсылаўда жумыс алып барған.

Қалада бул дәўирде тийкарынан саўдагерлер, өнерментлер, дин ўәкиллери, басқарыўшы ҳамалдарлар ҳәм тағы басқа да ислер менен шуғылланатуғын адамлар жасаған.

XIX әсирдиӊ 70-жылларында үлкемизге келген Әмиўдәрья экспедиция ағзалары Шымбай қаласы турғынларыныӊ хожалығы туўралы көплеген мағлыўматларды береди. Олардан Риза Кули мырзаныӊ көрсетиўи бойынша ҳәр қыйлы өнерментшилик бойынша қалада 145 адам шуғылланған. Айрым кәсиплер мәўсимли характерде болған. Қарақалпақлардыӊ өнерментшилик пенен шуғылланғанда тек өзиниӊ үй хожалығына керекли затларды ислеп алады. Ал сатыўға алаша, бөз, пышақ, ер, жуўен басқа майда затлар ислейди. Оларды онша көркем етип ислемейди. Қазақлар өнерментшилик пенен дым шуғылланбайды деседе болады. Өзбеклер қарақалпақлар не ислесе соны ислейди: алаша, боялған бөз, көйлек, шапан, шалбар, етик, геўиш тигип сатады. Пышақ, таға, зәӊги, орақ, жүўен, қайық, арба, табақ, қасық ҳәм басқа затлар соғады. Риза Кули мырза қаладағы адамлардыӊ қайсы өнер менен

[1] Есбергенов Х. Шахтемир – предшественник города Чимбая.// Тезисы Докладов научно-теоритической конференции «Шахтемир-Чимбай». Н. 1995. 19-бет.

[2] Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. Т. 1968. 111-бет.

қаншасы шуғылланатуғынлығы туўралы бир қанша мағлыўматлар жыйнап, олардың санын келтирип өтеди. Соның менен бирге бул жерде бирде фабрика жоқ деп көрсетеди.[1]

Усы экспедицияның ағзасы Н.Каразин «Кегейли - Шымбайдың негизги суў артериясы, соның менен оның жоқарыдағы елатлы пунктлер менен негизги суў қатнасын апарыўшы жолы» деп жазған еди. А.В.Каульбарс өз жуўмағында бул оазис оғада көп суўғарыў тараўларына ийе екенин, олардың ҳәммеси Кегейлиден саға алатуғынын жазады. Изертлеўшилердиң жазыўларына ҳәм қатықулақ үлкен жастағы адамлардың айтыўына қарағанда Шымбай қаласының атирапы 3-5 шақырым аралықта қалың сулыў бағ болған. Ол бағлардағы ерик, алма, алмурт, шабдалы ҳәм жийделерди қарақалпақлар өз қоллары менен еккен. Әтирапта жабайы жигилдик, жийде де өскен. Халық олардан тахан ислеп, қант орнына пайдаланған. Буны халық арасында ҳәзирге шекем белгили ҳәм әҳмийетин жойтпаған «Асқарбайдың бағы» атамасынан билиўге болады. Бул пикирди тастыйықлаўшы мысалларды Қаллы Айымбетовтың жазыўынша Шымбайдың түслик тәрепинде Кегейли арнаның бойында бир жағы жол, бир жағы суў үлкен, «Қалендер хана» дегендей жай бар еди. Бул Қалендер ханада ошақ салынған, тазалап, сыйырып-сыпырылған. Дөгерегиниң бәрине гүллер егилген. Қара таллардың арасы пайызлы етип қойылган еди.[2] Жоқарыдағы келтирип өткен экспедиция ағзаларының бири А.В.Каульбарстың мағлыўматы бойынша қаладағы айрым адамлар мәўсимли түрде қалада жасаған. 1912-1913-жығы изертлеў материаллары бойынша Шымбай районында 477 адам өнерментшилик пенен шуғылланған. Ал улыўма өнерментшилик ҳәм ҳәр қыйлы мийнетлер менен барлығы болып 9768 адам шуғылланған. Халықтың көпшилик бөлеги аўыл хожалығында жалланба мийнет, саўда менен шуғылланып, А.В.Каульбарстың көрсетиўи бойынша қала толығы менен саўда менен шуғылланып, барлық саўда менен шуғылланбаўшыларды қысып шығарып атырған сыяқлы деп көрсетеди. Соның менен бирге ҳәр қыйлы мийнет пенен ҳаял-қызларда шуғылланып, олар барлығы 663 адамды қурайды.

Қаланың айырмашылығының бири, қала турғынлары ҳәм оның әтирапындағы өнерментшилик тағы саўда менен биргеликте аўыл хожалығы менен де шуғылланды. 1915-1916-жылларға тийисли мағлыўматларға қарағанда, Шымбай қаласында айланыс қаржысы 10 мың манаттан 20 мың манатқа шекем болған 22 саўдагер, 2 мыңнан 5 мың манатқа шекем болған 90 саўдагер саўда жүргизди. Олар тек саўда менен шекленбестен, бир неше

[1] Риза Кули мырза. Әмиўдәрья областының қысқаша баянламасы.// Әмиўдәрья журналы. 1992. №2. 100-101-бетлер.

[2] Айымбетов Қ. Халық даналығы. Н. 1998. 272-бет.

жүзлеген гектар егислик жерлердиң, бир қанша жүзлеген жылқы, сыйыр, өгиз, қой, ешкилердиң ийеси болды.

Қарақалпақстанда дийқаншылықтың 20 дан аслам түрлери болып, олар ишинде кем-кемнен пахташылыққа әҳмийет бериле баслады. Пахтадан тысқары әҳмийетли товарлы егин жоңышка болды. Ол ең жақсы от-шөп болыў менен бирге жерди қунарландырыўшы әҳмийетке ийе еди. Әсиресе, Шымбай участкасында тийкарынан туқымлық жоңышқа егилип, 1910-1913-жыллары Әмиўдәрья бөлиминдеги барлық жоңышқалар жер майданының 94 процентин қурады. Қарақалпақ жоңышқасының туқымы, тек Россияда ғана емес, ал ҳалық аралық базарда да әҳмийетли орын тутты. Жоңышқа туқымды баслы экспорт жасаўшылар Россия – Азия банки, «Ағайинли Крафтлар» ҳәм басқа да фирмалар болды. В.Лобачевскийдиң мағлыўматына қарағанда, ең жақсы төгин ретинде Арка Америкада жоңышқа егилип, ол жерлердиң өнимдарлық қәсийетин қайта тиклейди. Онда Хийўа оазисинен апарылған жоңышқа туқым ең жақсы нәтийже берген. Бул Хийўа оазисиниң Америкаға ҳәм басқа да Европа еллерине алып барылатуғын туқым Қарақалпақстанда, әсиресе, Шымбай участкасында егилетуғын еди.[1]

1907-1908-жыллары Шымбай өзиниң жоңышка туқымы менен бирге сазан, суўен, бекире балықларын Америка Қурама Штатлары ҳәм Германия базарларына жиберип турған. Усы дәўирде Шымбайда батыс Европаның ири саўда фирмалары менен байланыслы 60 тай алып-сатар, таярлаўшы агентлери бар еди.[2] Ол еллерде Шымбай жоңышқа туқымы жасыл төгин ретинде егилип, жерлердиң өнимдарлығын тиклеўде жақсы нәтийже берген. Сонлықтан ол азық-аўқатлық затларға қарағанда қымбат турған. Яғный биринши жер жүзлик урысқа шекем 1 пуд жоңышқа туқымы дәслепки 3 манаттан 11 манатқа шекем өсип сол муғдардағы бийдайға қарағанда 3 есе қымбат еди. Жоңышқашылық 1930-жылларда жақсы раўажланған. Жумамурат Әбдимуратовтың жазыўынша 1930-жылы республикада жоңышқа туқымын өндиретуғын 27 колхоз шөлкемлестирилип, 38,7 мың гектарға жоңышқа еккен, гектарынан 2,5-3 центнерден туқым өндирген, оннан тысқары барлық колхозлар алмаслап егиўди жоңышқа арқалы әмелге асырып, туқым өндирген ҳәм беккем от-шөп базасын тәмийинлеп, не арғымақларды сейислеген. Ҳәзирги Нөкис ун заводы жоңышқа туқым тазалайтуғын завод болып, 40-жыллары туқым экспортынан дүньяда Америкадан кейинги екинши орынды ийелегенин айтпайсаң ба? Аңызларға қарағанда Шымбай районы «Коммунизм» колхозы гектарынан 5-6

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Н. 2003. 73-бет.
[2] Камалов С.К. Город Чимбай – администрадивный политический и культурный центр Правобережной дельты Амудари в XIX – нач. XX вв.// Тезисы. Докладов научно-практической конференции «Шахтемир - Чимбай». Н. 1995. 8-бет.

центнерден туқым өндирип рекорд қойғанда колхоз баслығы Матякуб Хожамуратовты ел басшысы мәсләҳәтге шақырғанын ҳәмме биледи. Сол колхозда таярланған Шымбай сорт туқымы Ярославль областларында елеге шекем егиледи екен.[1]

Қарақалпақлардың әзелден-ақ дийханшылық пенен бирге мал шарўашылығы менен шуғылланып келгени мәлим. Мал халықтың өндирислик ислеп шығарыў қураллары болыўы менен бирге ол, күнделикли турмысында азық-аўқат, кийим-кеншек, транспортлық мүтәжликлерин тәмийинлеўде де үлкекн роль ойнап келген. Сонлықтан да Шымбай ҳәм оның әтирапындағы белгили адамлар мал шарўашылығы менен де шуғылланған. Мысалы, Шымбайдағы Найып курени-106 хожалықта 24018 бас мал, яғный усы хожалықлардың ҳәр биринде орташа 220 бастан артық малы болған.[2]

Тап усындай көп малға ийе болғанлардың биринши топары дин ийелери болса, екинши топарлары аға бий, беглер беги, аталықлар болған. Ережеп бий 400 бас ири малға, 150 бас қой ешкиге, Қабыл беглер беги 450 бас қара малға, Қудайназар беглер беги 400 бас ири малға, 500 бас қой ешкиге ийелик еткен. Сондай-ақ Шымбайда жасаған Бекмухаммед найыбтың 280 бас қара малы, 280 қойы болған.[3]

Хожалықтың усы түрлери тек ғана Шымбай ҳәм оның әтирапындағы халықлардың турмыс тәризин көрсетип қоймастан, ал улыўма халқымыздың турмыс тәризин көрсетиўде тийкарғы өлшем бирлиги болып есапланған.

Сонлықтан да халқымыздың тарийхын үйрениўде Шымбай қаласының ҳәм ол жерде жасап мийнет еткен турғынлардың хожалық турмысын үйрениў де үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады.

## 2.2. Шымбай базары ҳәм оның әҳмийети

Шымбай қаласы Әмиўдәрьяның төменги тәрепинде қарақалпақлардың саўда орайы есапланып, Хийўа ханлығынан кейинги үлкенлиги жағынан екинши орында туратуғын, базар күнлери он мыңға шекем адам жыйналатуғын базар болған. Үлкемиздеги басқа базарларға салыстырғанда Шымбай базары байлығы, сырттан келетуғын саўда кәрўанлары менен көзге түскен. Оған Хийўа, Бухара, Башқурт, Татар, Қазақ далаларынан ҳәм тағы басқа жерлерден келип саўда ислеген. Өз гезегинде жергиликли саўдагерлер де жоқарыдағы қалалар менен қурғақлықтағы ҳәм суў жоллары арқалы саўда ислерин алып барған. Сонлықтан да, Шымбай тек ғана сырттан киятырған саўдагерлердиң дыққатын өзине  тартып қоймастан, ал елимизге киятырған

---

[1] Әбдимуратов Ж. Суўдында сораўы бар еди ғой…// «Еркин Қарақалпақстан» 2001-жыл 11-январь.
[2] Жалилов А. XIX-XX аср бошларидаги Қорақалпоқлар тарихига оид мухим хужжатлар. Т. 1977. 18-бет
[3] Документы архива Хивинских ханов по истории и этнография Каракалпаков. М. 1967. 278-279-бетлер

саяхатшылардың, елшилердиң, илимий экспедициялардың да қызығыўшылығын арттырған. Әсиресе XVIII-әсирдиң 40-жылларында елимизге келген Гладышев ҳәм Муравин, XIX-әсирдиң 70-жылларында Әмиўдәрья экспедициясы қурамында келген Каульбарс, Соболев, Каразин, Риза Кули Мырза, XX-әсирде Кондрашов, П.П.Иванов, С.Камалов, Қ.Айымбетов, Р.Қосбергенов, Х.Есбергенов ҳәм тағы басқалар Шымбай базары ҳаққында баҳалы мағлыўматлар береди.

Үлкемиз тарийхында әййемнен белгили болғанындай, саўданың раўажланыўы экономиканың, мәдениятың, улыўма халықтың турмыс жағдайын жақсылаўда, сондай-ақ халықлар ортасында байланысты, дослықты беккемлеп барыўда үлкен рол ойнаған. Бунда базар халықтың турмыс жағдайын көрсетиўши айна деп түсинилген. Сонлықтанда, базардағы саўда ислерине, оның тәрбиялық тәреплерине, тәртипке үлкен әҳмийет берип барған. Себеби, базар пүткил бир халықтың байлығын, сол халықтың арасындағы исбилермен адамлардың искерлигин көрсететуғын, улыўма халықтың абрай даңқын белгилеп беретуғын әҳмийетли орын болып есапланады. Соның менен бирге базардың тағы бир функциясы, халықтың жыйналып өз-ара сәўбетлесиў орны да болып хызмет атқарған. Саўда жумысларын питкерип болғаннан кейин, чайханада отырып жаңа хабарларды еситкен, базардағы ҳәрекетлер ҳаққында, баҳа ҳәм тағы басқаларды билип отырған.[1]

Тарийхшы Х.Есбергеновтың тәрийплеп көрсеткениндей, базар Орта Азия халықларының турмысында тек экономикалық әҳмийетке ийе емес, ал халықтың ой-өрисиниң әдеп-икрамлықтың қәлиплесиўине, сана-сезиминиң өсиўине тәсир жасап, бул мәселедеги театр, клуб, жыйын, сейил ўазыйпасын атқарады. Базарда көшпелилер менен отырықшылар арасында саўда болып қоймастан базаршылар арасында пикир алысыўлар, кеңесиўлер, нәсият тыңлаўлар, тәўиплерден дәртине даўа таўып шершилерден дәри-дармақлар алатуғын орын болып есапланған.[2]

Базар қаланың қала болып қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында, адамлардың санасының өсип барыўында, басқарыў системасының пайда болыўы менен социал-экономикалық ҳәм мәдений турмыс дәрежесиниң өсип барыўында үлкен әҳмийетке ийе. Базарларда ҳүкимдарлардың пәрманы оқып еситтирилип, айыплылар жазаланған. Байрам күнлери ҳәр қыйлы тамашалар өткерилген. Усындай базарлардың бири Шымбай базары болып, ол ерте даўирлерден баслап халқымыздың турмысында өз орнына ийе. Ол ҳаққында көплеген мағлыўматлар жазып калдырылған. Атап айтқанда үлкемизге келген патша Россиясының елшилери Гладышев ҳәм Муравинлер:

---

[1] Кудияров А.Р. Өзбекстанда саўда қатнасықлары ҳәм исбилерменлик тарийхы. Н. 2010. 68-бет.
[2] Есбергенов Х. Қоңырат тарийхый ҳәм мәдений естеликлери. Н. 1993. 24-бет.

«Қарақалпақлар Хийўа, Бухара ҳәм Арал жағалаўларында саўда жүргизеди. Басқа қалаларғада барып мал ҳәм аң терилери менен де саўда ислейди» - деп жазады. Нәтийжеде Шахтемир, яғный ҳәзирги Шымбай қаласы XVIII әсирдиң биринши ярымында сиясий ҳәм саўда байланысы жағынан әҳмийети күшейеди. Әмиўдәрьяның төменindеги саўда өнерментшилиги ҳәм мәдений орайына айланады. Демек усы дәўирде де Шахтемир аты менен өз базарына ийе қала болғанлығын көриўге болады. Шымбай XVI-XVII әсирлерде Хорезм оазисиндеги отырықшы ҳәм көшпели халықларды байланыстырыўшы ең ири қалалардың бири болған. Арал ийелигиниң дүзилиўи менен Шымбай яғный бурынғы Шахтемир оның пайтахт қаласы болған. Улыўма Шымбай XVIII әсирге шекем-ақ усы аймақтағы белгили қала болып қәлиплесип, әтираптағы халықларға белгили болған базарынада ийе болғанлығын көрсетеди.

XIX әсирдиң 50-жыллары бир жылда Шымбай базарында сатып алыў ушын алып келинген ҳәм сатылған шарўа маллары, дийқаншылық ҳәм өнерментшилик өнимлеринен алынған орын пулы, ҳәм басқа да саўда салықлары есабынан жыйналған пул 750 тиллаға жеткен.[1]

Шымбайда болған А.В.Каульбарс «Дельтаның орайлық қаласы ҳәм базары Шымбай Кегейли каналы себепли Хийўа оазисиндеги барлық жерлер менен әжайып суў байланысына ийе. Кегейли көпирине минип Шымбайға қарасаң, сиз дәрьяны көрип ҳайран қаласыз, онлаған баржалар әтираптың барлығы үйлер ҳәм базардағы дүканлар менен тығыз жайласқан, барлық жерлерде қалың халық топары. Бул базарда 400 дей дүкан болып, оазистеги үлкен қалаларда не сатылатуғын болса, дерлик барлығы табылады. Булардың барлығына халық Кегейли каналына миннетдар. Қала толығы менен саўда менен шуғылланады, ал барлық саўда менен шуғылланбайтуғынларды қысып шығарып атырған сыяқлы»-деп көрсетеди.[2]

Шымбай базары ҳаққында бир қанша кеңирек ҳәм баҳалы мағлыўматларды берген Қаллы Айымбетов болып есапланады. Оның жазып қалдырғанындай Шымбай базары ҳәр қыйлы кәсип түрлерине қарап бир неше бөлеклерге бөлингенлигин көрсетеди. Атап айтқанда мал базары, отын базары, балық базары тағы басқа да базарлар болған. Олар өзлериниң жайласыўы бойынша да әҳмийетке ийе болған. Мысалы, мал базары қала сыртында, балық базары Кегейли бойында, отын базары үлкен жол бойында жайласқан. Булар белгили дәрежеде қарыйдарларға қолайлы болыў менен бирге қаланың тазалығын сақлаўда да үлкен әҳмийетке ийе болған. Ҳәр бир базардың затын тәртипке салатуғын басшылары болған. Мал базарын

[1] Жалилов О. XIX-XX аср бошларидаги Қорақалпоқлар тарихига оид муҳим ҳужжатлар. Т. 1977, 19-20-бетлер.

[2] Кудияров А.Р. Шымбай базары ҳаққында илимий дереклер.// Қарақалпақстан тарийхының заманагөй машқалалары. Республикалық ИТК материаллары. Н.2007. 36-бет.

қарақалпақ бийи Палўанияз бий деген адам басқарған, балық базарын Қайыпназар қазақ деген басқарған.[1]

Қарақалпақстанда, соның ишинде Шымбайда дийқаншылық ҳәм шарўашылық өнимлери менен саўда ҳәптесине еки рет болатуғын базарларда өтетуғын еди. Әмиўдәрья бөлиминде Шаббаз, Шорахан, Нөкис, Назархан менен бир қатарда Шымбайда қызғын базарлар болған. Базарларда саўда тек жергиликли халықлар менен емес, ал Россия саўдагерлери менен де жүргизилетуғын еди. Әсиресе Шымбай, Хожели, Қоңырат ҳәм Петро-Александровск қалалары ең ири саўда орайлары болды. Базарларда аўыл-хожалық өнимлери дийқанлар ҳәм шарўалар қолынан өтип, ири саўдагерлер қолына топланып ең соңында үлкеден сыртқа шығарылыў алдында үлкен-үлкен складларға жыйналып, көтере саўда жолы менен жөнетилетуғын еди. 1909-жылы Шымбай участкасындағы базарларда 470 тен аслам саўда дүканлары болып, оның жыллық товар айланысы 2 миллион манатты қураған. Базар күнлери тек Шымбай базарына 2 мыңға шамалас базаршы келетуғын еди.[2]

Улыўма базарларда тек ғана саўда-сатық болмай социаллық ҳәм мәдений турмыс мәселелери де шешилген. Сондай-ақ базар чайханаларында адамлар гүрриңлесип өз жумыслары ҳаққында пикир алысқан, буннан тысқары базарларда тамашаларда көрсетилген. Олардың қатарында базарда Қазы Мәўликтиң қыссақанлық етиўи, қаладағы қызықшылардың өз өнерлерин көрсетиўи, ҳәттеки Кегейлиниң аржағы ҳәм бержағы болып жарысыўлары өткерилген. Қаншаның қудығы қасында ҳәр қыйлы сейиллер, байрамлар өткерилетуғын майдан болған. Сондай-ақ қаланың өзиндеги ҳәм әтираптағы, қубла районлардың Хийўа ханлығы аймағынан дәрўазшылар, қызықшылар келип хызмет көрсеткен.

Шымбай қаласының усындай ири орайға айланыўында базар айрықша орын ийелеген. Себеби, базар қаланың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында, басқарыў системасының пайда болыўы менен социал-экономикалық, мәдений турмыс дәрежесиниң, адамлардың сана-сезиминиң өсип барыўында әҳмийетке ийе. Ҳәттеки әййемги дәўирлерде базар тек ғана саўда ушын емес, ал сейил тамаша ушын да хызмет қылған. Басқа халықлардан яғный тысқарыдан мийман келсе оны базарға сейил тамашаға алып шығыў әдет болған. Қалалардың саўда орайларына айланыўында саўда-сатық болатуғын жерлер-базарлардың тәсири күшли болған. Оның үлкен яки кишилиги, байлығы ҳәм басқа тәреплери қалалардың мәмлекетте тутқан социал-экономикалық орны, сиясий жағдайы менен байланыслы еди.

---

[1] Айымбетов Қ. Халық даналығы. Н. 1988. 260-бет.
[2] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Н. 2003. 75-бет.

## 2.3. Шымбай қаласының ишки ҳәм сыртқы саўда байланысы

Халқымыздың тарийхында әййемнен белгили болғанындай, саўданың раўажланыўы экономиканың, мәденияттың, улыўма халықтың турмыс жағдайын жақсылаўда, сондай-ақ халықлар ортасындағы байланысты, дослықты беккемлеп барыўда үлкен рол ойнаған. Бул жерде жасаўшы халықлар қоңсы аймақта жасаўшы халықлар менен тығыз экономикалық байланыста болды. Нәтийжеде халықтың турмыс дәрежесиниң өсиўине, дүнья таныўының кеңейиўине мүмкиншилик туўылды. Шымбайдың географиялық жақтан қолайлы орынға жайласыўы оның басқа қалалар менен байланысының раўажланыўына мүмкиншилик туўдырған. Шымбайдың Хийўа ханлығының арқасындағы қурғақлықтағы жоллары Хожели, Қоныраt, Гөне Үргенч ҳәм Хийўа менен байланыстырған. Соннан бир жолы дәрьяның оң тәрепинен Шымбайдан басланып, Қыпшақ арқалы дәрьяның өткелине шекем барған. Ал, кейин екинши тәрепке өтип Маңғыт арқалы Хийўаға барған. Буннан басқа да Шымбай арқалы Қазалыны Хийўа менен байланыстырыўшы кәрўан жолы өткен деп, Шымбай қаласының ҳәм базарының раўажланып барыў себеплериниң бири ретинде жоллардың хызметиниң айрықша екенлигин көрсетип береди.[1]

Усы жоллар бойында кәрўан сарайлар, елатлы пунктлер пайда болды. Шымбай ҳәм Қоңырат қалалары қоңсы аймақлар менен саўда байланысында белгили болды. Сыртқа шығарыўда терилер, ат, дийқаншылық өнимлери, балық ҳәм тағы басқалар болған. Қаракөл терилери Нижний Новгород ҳәм Москва ярмаркаларына жиберилген. Үлкемиз қалаларында татар, армян, Хийўа, Бухара ҳәм басқа жақтан келген саўдагерлер саўда ислеген.

Саўда байланыслары қурғақлықтағы ҳәм суў жоллары арқалы иске асқан. Сонлықтан да жолларға, жол баслаўшы кәрўанбасыларға айрықша дыққат аўдарылған. Жасларды жаслайынан илим үйрениўге, шет тилин билиўге тәрбиялап барған.

Шымбай қаласында ишки ҳәм сыртқы саўданың раўажланыўында қаладағы ҳәм басқа жақтан келип саўда ислеўши саўдагерлер үлкен рол атқарған. Олар суў ҳәм қурғақлықтағы жоллар арқалы халық турмысына керекли ҳәр қыйлы буйымларды әкелип базарды толтырыў менен бирге халқымыздың турмыс дәрежесин жақсылаўға өз үлеслерин қосып отырған. Олардан Оренбург тәрепинен суў жолы менен Ақбөгет, Тоғыз төре арқалы кәрўан жолы менен қазақ байлары: Сүннетбай, Қыдырбай, Россия товарларын алып келди. Екинши тәрептен Хийўа, Үргенчтен Кавказлы

[1] Камалов С.К. Город Чимбай – административный политический и культурный центр Правобережной дельты в XIX – нач. XX вв.// Тезисы. Докладов научно-практической конференции «Шахтемир-Чимбай». Н. 1995. 8-бет.

Ағабий Серкеш, Яхшымбай, Халмурат бай, Хийўа, Үргенчтен шапан, етик, жипек товарлар менен дүканларды толтырады. Ағабий Серкеш Шымбайдан үлкен сарай салған. Үргенчтен келген Хожамурат бай Шымбайдың саўдагер, дүканшыларына өсимине товар бериў хожайыны болды. Тахта бәнт дүканлар көбейди. Жоқары журттан товар әкелгенлер дүканшыларға көтере товар берип пул жыйнайды. Хийўадан келген бир хожайын, берген товарлары ушын дүканшы саўдагерлерден пул-ақша жыйнап жүргенин көрдим.[1]

Шымбай саўдагерлери Хийўа саўдагерлери менен қызғын саўда жургизип, дийқаншылық өнимлеринен басқа жипекшилик пенен де саўда жүргизген. Жипекшилик пенен саўда ислерин алып барған Райымхожа ҳәзирги У.Юсупов фермер хожалығы аймағында жасап, тут тереклерин отырғызыўды шөлкемлестирип, жипек өндириў менен шуғылланған. Шымбайлы саўдагерлер Хийўалы саўдагерлерден таяр кийим-кеншеклер алған. Әбиш ҳәм Емберген Шапанбурышлар халат сатып, өзлериниң дүканыда болған. Хийўа ханлығында саўда ислеўши Шымбайлы саўдагерлер менен бирге Қоңырат, Хожелиден келген саўдагерлер болған. Әмиўдәрьяның төменги жағынан келген саўдагерлерди телетин, одеял, темир, тоқымашылық өнимлери ҳәм басқа да затлар қызықтырған.

Олардың дизиминде Шымбайдан келген он саўдагердиң бар екенлиги айтылады. Бирақ олардың аты көрсетилмейди. Саўданың раўажланыўы бул Хийўа ҳәм Шымбай ортасындағы мәдений байланыстың раўажланыўына мүмкиншилик туўдырып берген. Хийўа менен саўданың раўажланыўы нәтийжесинде халықтың арасындағы саўатлылық өсип Шымбай қаласы Қарақалпақстанның арқа районларындағы жасаўшылардың арасында мәденият таратыўшы орай ретинде белгили болды.[2]

Шымбай базарында болған Риза-Кули-мырза 442 дүкан бар деп, оларда сатылатуғын өнимлердиң түрлери, баҳасы ҳаққында мағлыўмат береди. Шымбай қаласының көпшилик турғынлары саўда иси менен шуғылланған.

Сондай-ақ А.В.Каульбарс қаладағы адамлардың ҳәр қыйлы өним түрлери менен мәўсимге қарай қанша адам шуғылланып отырғанлығын тийисли санлар тийкарында келтирип өтеди. Мысалы, етикшилер 30 адам болса, жазда 15, шапан менен саўда етиўшилер гүзде 60 болса, жазда 20 ҳәм тағы басқа да өнимлерди көрсетип өткен болса, бул ҳаққында Риза Кули мырза темиршилик өнимлери менен 26, жоңышқа туқымы менен 4, бояўхана менен 32, көмир менен 6, темеки, чай ҳәм қант пенен 102 дүкан шуғылланады ҳәм басқа да өнимлер менен саўда етиўшилер, базардағы

[1] Айымбетов Қ. Халық даналығы. Н. 1988. 268-бет.

[2] Кудияров А.Р. Торгово-культурные связи Чимбай и Хивы.// ӨзРИАҚҚБның Хабаршысы. 2000. №4. 52-бет

затлардың баҳалары ҳаққында бир қанша мағлыўматлар береди. Ал усы экспедиция ағзасы Н.Н.Каразин Шымбай базары ҳаққында көрген билгенлерин базар көринислерин сүўретке салып «Всемирная иллюстрация», «Нива» журналларында 1874-жылы жәриялаған. Бундай мағлыўмат ҳәм фотосүўретлерде Кондрашевтың 1916, 1930-жыллардағы шыққан китапларында, Мельковтың мийнетлери арқалы билиўге болады. Экспедиция қурамында тәбиятымызды үйрениўге келген М.Н.Богданова «Шымбай базарында мен ҳәттеки торда бөденени көрдим» деп жазады.[1]

Дийқаншылық ҳәм шарўашылық өнимлери сыртқы базарларға да шығарылған. Онда аты шыққан жергиликли саўдагерлер Шымбай участкасынан Убайдулла Камалов, Шыныкул Хәллеков, Халмурат Хожамбердиев ҳәм басқалар еди. Олар тек азық-аўқат затлары емес, ал гезлеме, пахта ҳәм басқа да товарлар менен саўда ислеген. Шымбайлы У.Камалов ҳәм тағы басқалар Оренбург ҳәм басқа қалалардағы саўдагерлер және де фирмалар менен тығыз байланыслы болған.[2]

Шымбай участкасында аўыл-хожалық өнимлерин сатып алыў ҳәм қайта сатыў менен Асқарбай Ахмедов, Ережеп Тәжиқулов, Баймухаммед Үсенов, Ерман Қалжанов және басқалар шуғылланды. 1910-жылы Әмиўдәрья бөлиминде ишки саўда да жыллық товар айланыс Петро-Александровскде 700 мың манат, Шаббазда 400 мың манат, Шораханда 300 мың манат, Бийбазарда 200 мың манат, Шымбайда 600 мың манат болды.

1915-1916-жылларға тийисли мағлыўматларға қарағанда, Шымбай қаласында айланыс қаржысы 10 мың манаттан 20 мың манатқа шекем болған 4 адам, 5 мыңнан 10 мың манатқа шекем болған 22 саўдагер, 2 мыңнан 5 мың манатқа шекем болған 90 саўдагер саўда жүргизди. Олардың арасында Шымбайда жасаўшы бай, гезелеме менен саўда жүргизиўши Убайдулла Камалов Оренбургтың ири саўдагерлери ҳәм саўда фирмалары менен байланыслы болды. 1914-жылы оның капиталының айланыс қаржысы 30 мың манатқа жетти. Шымбай волостының биринши аўылының байы Шыныкул Қалековтың товар айланысы 1916-жылы 10 мың манатты қурады, ол азық-аўқат затлары менен саўда жүргизетуғын еди. Ол тек саўда менен шекленбестен, бир неше жүзлеген гектар егислик жерлердиң, бир қанша жүзлеген жылқы, сыйыр, өгиз, қой, ешкилердиң ийеси болды. Шымбайда жасайтугын ҳәм гезлеме менен саўда жүргизетуғын Халмурат бай Хожамбердиевтың капиталының айланыс қаржысы 1916-жылы 7000 манат болды. Шымбай қаласының экономикасының раўажланыўына транспорт байланысы үлкен аҳмийетке ийе екенлиги белгили. Петро-Александровск-

---

[1] Қудияров А.Р. Шымбай базары ҳаққында илимий дереклер. Қарақалпақстан тарийхының заманагөй машқалалары. Республикалық ИТК материаллары. Н. 2007. 36-37-бетлер.

[2] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Н. 2003. 75-бет.

Шаббаз-Нөкис-Шымбай, Нөкис- Хожели-Қоңырат гүзар жоллары тийкарғы ишки байланыс жоллары болып хызмет етти. Шымбай - Қазалы кәрўан жолы Шымбай участкасын темир жол менен байланыстырды. Айрым мағлыўматлар бойынша XX әсирдиң басында Шымбайда 988 адам саўда менен шуғылланған. Өз дәўириниң саўатлы ҳәм белгили адамлары болған Асқарбай, Халмурат бай, Сейитназар хажы, Юсуп қандилет ҳәм басқалар өз ийеликлерин санаат кәрханалары, ең баслысы пахта тазалаў заводлары, дийқаншылық ҳәм саўда менен бирликте атқарған. 1915-жылғы мағлыўматларда Шымбайлы саўдагерлердиң бириниң Москвада склады бар екенлиги айтылады. Имформаторлардың айтыўынша, бул Лепесбай болыўы мүмкин.

XIX әсирде Шымбайда болған саяхатшылардың бири «Чимбай город чудесный» (Шымбай әжайып қала) деп айтып кеткен.

Сонлықтан Шымбай қаласының ҳәм оның базарының, базардағы жүргизилген ишки ҳам сыртқы саўда байланысларының өтмиштеги тарийхын үйрениў арқалы елимизге келген мийманлардың ҳәўес еткениндей абрай даңқын көтериў керек. Ол ушын президентимиз айтканындай: «Биз ҳақыйқый тарийхымызды тиклеўимиз, халқымызды миллетимизди усы тарийх пенен қуралландырыўымыз зәрүр, тарийх пенен қуралландырыў жәнe бир мәрте қуралландырыў зәрүр».

### 2.3. Шымбайда санаат кәрханаларының пайда болыўы

XIX әсирдиң ақырына шекем халқымыз өнерментшилик кәсиплери менен кеңнен шуғылланды. Олардың завод, фабрика өнимлерине болған талаплары жергиликли саўдагерлер, сырттан әкелген товарлары менен қанаатландырып отырды.

Ал XIX әсирдиң 80-жылларынан баслап әсте ақырын Шымбай аймағында жаңа майда жеке кәрханалар пайда бола баслады. Бирақ бул заводлар тек аўыл хожалық өнимлерин дәслепки қайта ислеў менен шуғылланатуғын еди. 1878-жылы ағайинли Ванюшинлер Шымбайда тери ийлеў заводын қурды. Олардың ислеп шығарған өнимлериниң сапасы төмен болып, онша үлкен емес майда санаат кәрханасы еди. Дәслеп бул заводта 18-20 рабочий ислеп, олардың өндирген өнимлери 10-15 мың манатты қурады. Ал 1880-жылы шығаратуғын өними 40 мың манатқа жеткен. Бул завод Әмиўдәрья бөлиминдеги биринши тери ислеў заводы болып есапланған.[1]

Бирақ бул заводларда узақ ўақыт ислемеген. Буған 1882-жылы Шымбай участкасының баслығы төмендегише жазған еди: «Ҳәрекетсиз қарап турған

---

[1] Үббиниязов Ж. От кустарщины до современной промышленности. Н. 1971. 19-бет.

ағайинли Ванюшинлердиң былғары заводынан басқа Шымбай участкасында бирде фабрика я завод жоқ. Ал, арадан жети жыл өткеннен кейин Шымбайда май шығаратуғын ири кәрхана қурылды, онда гүнжи, кендир ҳәм пахта майлары ислеп шығарылды ҳәм ол жылына 5 мың манат муғдарында өним берди». Бирақ халық арасында бурынғысынша жергиликли көншилер ҳәм жуўазшылар өз кәсибин даўам еткен. Себеби бул заводтың, сырттан әкелинетуғын завод өнимлериниң, халықтың күнделикли турмысы ушын жеткиликсиз еди.

Жергилкли исбилермен байлар ҳәм ири саўдагер Асқарбай, Толыбай ҳәм тағы басқалар халыктың арасынан терилерди сатып алып, оларды қайта ислеў ушын Оренбургқа жиберген. Ол жақтан таяр қайта исленген өнимлерди алып қайтқан. Ҳәттеки Шымбайлы белгили саўдагер Лепес байдың Москвада склады да болған.[1]

Сонлықтанда патша ҳүкиметиниң Шымбай районы аймағында жоңышқа ҳәм пахта завод салыў ушын жергиликли байлардың инициативасын қанша бийкарлаўға урынса да, кейин рухсат бериўге мәжбүр болған.

Ал бундай иркиниш жасаў, жергиликли ҳәрекетлерге итибар бермеў, кеңес ҳәкимяты дәўиринде де даўам етти. 1920-жыллары жергиликли ҳүкимет басшылары бурынғы жоңышка, май, тери, пахта заводларын қайта тиклеў ушын қанша ҳәрекет ислеседе, иске асырылмай қалды. Жоңышқа туқымын тазалаў заводы 1934-жылы Нөкисте иске қосылғаны менен узақ ўақыт ислемеди. Пахта тазалаў заводы үлкен кыйыншылықлар менен 1931-жылы, май заводы 1948-жылы иске қосылды. Ал терини қайта ислеў заводы улыўма ашылмай қалды.

Кеңес ҳәкимятының дәслепки жылларында Шымбай территориясында терини қайта ислеў заводын салыў ушын бир қанша ҳәрекетлер исленди. Усы тийкарда 1920-жылы май айында Шымбай участкасы советлериниң болып өткен съезди, участкадағы шийки зат тийкарында Шымбай қаласында терини қайта ислеў заводын қурыўды асығыслы түрде ревкомнан сораў ҳаққында қарар қабыл етеди.

1923-1925-жыллары Қарақалпақстанда санаат өндирисин раўажландырыў ушын бир қанша илажлар ислеп шығылады. Усының негизинде 1923-жылы Әмиўдәрья ревкомы басқа санаат орынлары менен бирге терини қайта ислеў заводын ремонтлаў ҳәм иске қосыў, оны республикалық хожалық жобасына киргизиў ҳаққында қарар қабыл етеди. Бирақ бул қабыл етилген қарарлар орынланбай қағаз жүзинде қалады.

Қарақалпақлардың хожалығында товарлы егин ретинде жоңышқа туқымы үлкен әҳмийетке ийе еди. XX әсирдиң басында Шымбай

[1] Кудияров А.Р. Промышленность Каракалпакстана в конце XIX и начале XX века.// ӨзРИАҚҚБниң Хабаршысы. 1997. №3. 97-бет.

участкасында жоңышқа егисликлериниң майданы тез өсе баслады ҳәм тийкарынан туқымлық жоңышқа егилген. Қарақалпақ жоңышқасының туқымы тек Россияда ғана емес, ал халық аралық базарда да ең жақсыларының бири деп есапланатуғын еди. Қарақалпақстанда жоңышқа туқымын сатып алып, Россияның Европа бөлимине ҳәм сырт еллерге жиберетуғын саўдагерлер пайда болды. Сондай-ақ сырт мәмлекетлерге Германияға, Америка Қурама Штатларына, Канада ҳәм Аргентина мәмлекетлерине экспортқа шығарып сатылған.[1]

Сонлықтан да бул егин ҳәр тәреплеме пайдалы болып есапланады. Егер де буған шекем жоңышқа туқымын өндириў хожалықтың талабын канаатландырыў менен шекленген болса, ендиги жағында жоңышқа туқымына талаптың күшейиўи менен завод қурыў зәрүрлиги пайда болды.

Шымбайда көп қарсылықлардан кейин 1910-жылы ағайинли Баккаловлардың жоңышқа тазалаў заводының қурылысы питкериледи. Бирақ рус басқарыўшыларының иркиниш жасаўына байланыслы, бул завод 1912-жылға шекем иске қосылмады. Тек ғана Қазанға ақша төлегеннен кейин бул завод иске түсти.[2]

Қудайназар қәндилеттиң қурдырған бул заводы дәслеп пахта тазалаў заводы болып, кейин ала пахтаның жетиспеўине байланыслы жоңышқа туқымын тазалаў кәрханасына айландырылған. Заводты салыўға Қудайназар қәндилет басшылық етип, ол 1910-1915-жыллар аралығында салынған болыўы керек.

Бул завод дийўал менен қоршалып, бийиклиги бир неше метр болған. Дийўалды салыўға жергиликли усталар қатнасып, 1930-жылларда усы жерде жасаған. Хошмурат Дилимбетовтың айтыўынша Қудайназар қәндилет 1925-жыллары 40-45 жасларында қайтыс болған.[3] Бул завод 1913-жылы иске түсип Хорезм оазисиндеги бирден-бир экспортқа өним шығарыўшы завод болып, онда 10 рабочий жумыс ислеген. Завод ийеси Сейитназар Қудайназаров болған. Бул завод кеңес ҳүкимети дәўиринде 1919-жылы июньда мәмлекет қараўына алынған.

1923-жылы Әмиўдәрья ревкомы басқа заводлар менен бир қатарда жоңышқа туқымын тазалаў заводларын ремонтлаў ҳәм иске түсириў, оларды улыўма республикалық халық хожалық планына киргизиў ҳаққында қарар қабыл етти.

Усы дәўирде жоңышқашылықты раўажландырыў ҳәм жоңышка туқымы заводын қайта тиклеў әҳмийетли мәселелердиң бири болып есапланады.

[1] Камалов С., Қощанов Ә. Қарақалпақстан тарийхы. Н. 1993. 174-бет.

[2] Төреев А. Әмиўдәрьяның төменинде рабочий ҳәрекетиниң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы. Н. 1987. 9-бет.

[3] Қудияров А. Шымбай пахта тазалаў заводы тарийхынан. Н. 2001. 11-бет.

Сонлықтанда областлық партия конференциясы, санаат қурылысына әҳмийет бере отырып, жоңышқа туқым тазалаў заводы ҳаққында төмендегише қарар қабыл етеди:

1. Шымбайдағы жоңышқа туқым тазалаў заводын қайта тиклеў.
2. Пахта тазалаў заводы ҳәм ун қаразлары двигательлериниң күшин қолланыў менен жоңышқа туқымын сатып алыў, районларда жоңышқа туқымын тазалаўды шөлкемлестириўди халық хожалығы советине тапсырыў.
3. Жоңышқашылықты раўажланыдырыў ушын КарЦИК ҳәм Москвадан узақ мүддетке қаржы бериў мәселесин көтериў ҳаққында айрықша тоқтап өтеди.

Бирақ соған қарамастан бул заводты қайта тиклеў мәселеси узаққа созыла берген. Тек ғана 1934-жылы пайтхттың Нөкискеككоширилиўи менен Нөкис қаласында қайтадан қурылады. Бирақ бул заводта узақ ислемейди.

Үлкемизде ең биринши пахта тазалаў заводы 1880-жылы ҳазирги Төрткүл қаласында пайда болған болса, ал Шымбай қаласында XX әсирдиң басында пайда болды.[1] 1906-жылғы архив дереклеринде Шымбай участкасында пахта тазалаў заводлары болмаған. Ал 1912-жылы қоңысландырыў басқармасы тәрепинен өткизилген изертлеўде 4 адамда пахта тазалаў заводының бар екенлиги айтылады. Демек биринши пахта тазалаў заводы 1906-1912-жыллар аралығында пайда болған.

Я.М.Досумовтың мағлыўматы бойынша 1913-1914-жыллары Шымбай участкасында барлығы болып 5 завод болған. Олар Баккалов, Апанас, Палўан Нуров, Алланиязов ҳәм Турымбетовларға тийисли еди. Сондай-ақ Досумов, Шымбайда жасаўшы Рахманбергенов Зәрип пахта тазалаў заводының өниминен айланысы 1916-жылы 6600 руб, табысы 1980 руб болған. Бул алтыншы завод ийеси болыўы керек. Себеби жоқарыдағы адамлардың ишинде Рахманбергенов Зәриптиң аты ушыраспайды. Бул заводларды ярым завод деп атаған. Себеби заводтың өндириўши күши аз болған. Буннан кейинги жыллары да басқа исбилермен адамлар тәрепинен пахта тазалаў заводлары қурып барылған.

Сол дәўирдиң белгили адамлары болған Асқарбай, Халмурат бай, Сейитназар ҳажы, Юсуп қәндилет ҳәм тағы басқалар саўда менен бирликте пахта тазалаў заводлары менен байланыста жумыс алып барған. Шымбай қаласында еки пахта тазалаў заводы салынып, оларда 1915-1916-жыллары 154 вагон пахта тазаланған еди.

Кеңес ҳәкимияты орнағаннан кейин 1919-жылы июнь айында Шымбай участкасында жеке адамлардың пахта тазалаў заводлары мәмлекет қараўына

[1] Қудияров Ә. Дәслепки санаат кәрханаларының бири.// «Еркин Қарақалпақстан» 2001-жыл 5-апрель.

алынған. 1928-жылы 14-февральда Шымбайдағы бузылып атырған заводлардың бирин пахта тазалаў заводы етип қайта тиклеў мәселеси көрип шығылады. Бирақ соған қарамастан 1929-жылы ҳәзирги заводтың орны белгиленип оның қурылысы басланып, 1931-жылы ноябрьде бул завод пайдаланыўға бериледи. Оның биринши директоры ретинде С.И.Милютинковтың аты белгили. Усы жылы заводта ислеўшилердиң саны 139 адам болып, соннан қарақалпақ, қазақлар 107 адамды қурады. Заводта 8 ҳаял-қызлар ислеген. Улыўма заводта усы дәўирде 6 миллеттиң ўәкиллери бирликли түрде заводтың аяққа турып кетиўи ушын пидәкерлик пенен мийнет ислеген. Завод буннан кейинги жылларда өзиниң раўажланыўын даўам етип, ҳәттеки ғәрезсизлик жылларында дүнья жузлик сапа талапларына жуўап берип, мақтаўларға сазаўар болған.

## 3-бап. Шымбай қаласының мәдений ҳәм руўхый турмысы

### 3.1. Шымбай қаласы ҳәм оның әтирапындағы билимлендириў

Шымбай қаласында XIX әсирде мешит ҳәм медреселер оқыў орынлары болып, оларды өз заманының саўатлы адамлары болған Сүйин ийшан, Әбдижәлил ийшан ҳәм Бухара, Хийўа медреселеринде оқып келген ахунлар жасларға билим берип, оларды әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаған. Усындай билим ҳәм тәрбияның нәтийжесинде халқымыз арасынан президентимиз И.А.Каримов атап көрсеткениндей: «Бул халық Султан Ўвайс, Ҳәким ата киби әзиз-әўлийелердиң үгитлеринен нәрленип, руўхый мәденияты бай халық. Усы муқаддес топырақ муҳаббаты Күнхожа, Әжинияз ҳәм Бердақты бүлбүлдей сайраған шайыр еткен, Ерназар бий, Аллаяр Досназаров сыяқлы баҳадырларды азатлық ушын гүреске шақырған»[1] - деп көрсетеди.

1873-жылы Әмиўдәрьяның оң жағындағы 210 мың адамлық халқы бар территорияда 600 мешит болған. Бул бойынша хәр бир 350 адамға орта есап пенен мектеби бар бир мешит туўра келеди. Усы есапқа қарағанда бул дәўирде Қарақалпақстандағы саўатлылық шама менен 14,3 процентти қураған. Ө.Әлеўовтың изертлеўлери бойынша 15 тен аслам медресе болған. Усыларды ҳәр тәреплеме салыстыра отырып Ө.Әлеўов Қарақалпақстанда XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы саўатлылық шама менен 18 процентти қураған деп жуўмақ жасайды.[2]

Ал усы дәўирдеги билимлендириў тарийхы бойынша илимий-изертлеў жумысларын алып барған тарийхшы М.Қарлыбаевтың мағлыўматы бойынша

---

[1] Каримов И. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаравон ҳаёт –пировард мақсадимиз. т. 8. Т. 2000, 110-бет.

[2] Әлеўов Ө. Революцияға шекемги Қарақалпақстанда билимлендириў неше пайыз болған?// Қарақалпақстан муғаллими, 1994, №2-4, 51-52-бетлер.

Қарақалпақстанда қаралып атырған дәуирдеги саўатлылық дәрежеси 10-15 процентти тутады.[1]

Бунық айқын мысалы ретинде Шымбай территориясында изертлеў жумысларын алып барған А.В.Каульбарстың мийнетлерин көрсетиўге болады. Оның көрсетиўинше 1873-жылы «дерлик ҳәр бир аўылда онша үлкен емес мешитлер ушырасады, ал Шымбайға жақынлаған сайын қудирети келгендей қарақалпақлар өзлериниң үйинде мешитине ийе» деп жазады. Шымбайда XIX әсирде 12 мешит-медресе болған. Бул архивлик мағлыўматлар менен де тастыйықланады. Олардан Алий ахун Даўлетияров, Абдижамил Жумагулов, Бекмамбет Ишмамбетов, Алеуатдин Жамалатдинов, Қулмамбет Ниязмамбетов, Төремурат Полатов, Хожақул Ишимов, Қадир Танирбергенов, Шамшетдин Ирмамбетов, Магометжума Баймамбетовларда болған. Мешитлер халықты саўатландырыўда үлкен жумыс алып барған. Олар пайдаланған китаплар еледе халқымыз арасында көплеп табылмақта. Буның дәлили ретинде «Түркстан ведомосты» газетасының 1875-жылғы №4 санында «қаладағы (Шымбай қаласы - авторлар) мектеплердиң бирине киргениңизде, баспа китаплардың көплиги ҳайран қалдырады. Оларды Орта Азияның басқа қалаларында сийрек ушыратасаң» деген қатарларды оқыйсаң. Риза Кули Мырза 1875-жылы «мен қағазы, қәлеми ҳәм сыясын үлги ушын әкелип географиялық жәмийетке тапсырдым. Ол жердеги медреселерде мен мынадай китапларды көрдим: Қазанда басылған Әлқоран, жүдә ески ўақытта Бухарада жазылған мухтасер Вакаге, диний мазмундағы китап. Ҳижраның 1282-жылы Шымбайда жазылған Ҳәфиз, ҳижраның 1250-жылы Бухарада жазылған Наўайы, шағатай тилинде. Булардан басқа және үш китап әкелип, оларды рус географиялық жәмийетине тапсырдым Шымбай қаласында 2 медресе бар. Олардың хәр қайсысында 25 тен бала оқыйды. Бунда тиллер оқытылады: парсы, түрк, араб ҳәм шағатай тиллери. Бул тиллерде балалар жазып хәм оқый алатуғын болады. Есапқада үйренеди, ол «Ҳиндусә» деп аталады. Қағаз Бухарадан алдырылады. Қәлеми қамыстан» деп жазады.

Өз халқының тарийхына қызығыўшы ҳәм мийрасларын жыйнаўшы шымбайлы У. Рахметуллаевтың үйинен 300 атамадан аслам китаплар, қолжазбалар ҳәм басқа да шығармалардың тийкарғы нусқасы табылып, олар илимниң ҳәр қыйлы тараўларына арналғанын тарийхшы Х. Есбергенов басшылығындағы экспедиция топары анықлаған еди. Бундай мийрасларды шымбайлы Мәтен Дәўжановтың үй музейинде, қол жазба ҳәм китапларды Избасар Жаббарқуловтың, Қутлымурат Бердимуратовтың ҳәм тағы басқалардың үйинде де ушыратқан едик.

---

[1] Қарлыбаев М.А. История народного образования в Каракалпаки в XIX - начале XX веков. Автореф. дис. на соис. уч. ст. к.и.н. Н. 1995. 19-20-бетлер.

Әмиўдәрья экспедициясы ўәкиллериниң жазыўынша Шымбайда 8 мешит, 3 мектеп, 2 медресе болған. Қаладағы мешитлердиң биреўине киргенде, китаплардың көплиги ҳайран калдырды, оларды Орта Азияның басқа қалаларында сийрек ушыратуўға болады. Бул китаплар Қазаннан алып келинеди. Бул китапларды ҳәр жылы татарлар көплеген санда Әмиўдәрьяның төменги тәреплерине алып келеди. Ал Каульбарстың мағлыўматлары бойынша Шымбайда 1 медресе, ал жақын әтирапларда тағы 6 медресе бар. Мешит қаланың өзинде 6, олардың 3 Кегейлиниң шеп тәрепинде, ал 3 оң тәрепинде деп көрсетиледи.

Соның менен бирге патша ҳүкимети билимлендириў тараўында өзлериниң мақсетин гөзлеген ҳалда рус мектеплерин аша баслады. 1900-жылдың 1-июльинде жергиликли қаржы есабынан үш жыллық мектеп Шымбайда ашылады. Оған хәр жылы жергиликли қаржыдан 1195 манат ажратылды. Бул Шымбайдағы мектепте биринши оқыў 1900-жылдың 17-октябрьинде басланып, оған 15 бала қатнасқан. Кейин ала және 3 бала қосылып барлығы 18 бала оқыған. Соның менен бирге бул мектеплерде сабақлық китаплар жетиспеген. Оның үстине муғаллимлердиң жағдайыда жаман болған. Сонлықтан да Ж.Орынбаев «Шымбайдағы мектеп өзиниң 17 жыллық даўири ишинде тек бир ғана оқыўшыны питкерте алды»[1] деп жазады. Шымбайда басқурт Аббаз Амантаев оқытыўшылық еткен таза усыл мектеби 1912-1922-жыллар арасында 400 ге шамалас жергиликли халық балаларын оқытып шығарған.[2]

Саўат ашыўды тереңлестириў мақсетинде Наўайы, Әжинияз, Бердақ шығармалары кең пайдаланылған. Орта Азия шайырларының демократиялык идеялары тек саўат ашыўшылық ҳәм тил өсириўшилик нийетинде ғана емес, ал нәсият сөзлери арқалы тәрбия бериў мақсетинде де үйретилген. Булар өз гезегинде кең халық арасында теңлик, азатлық пикирлериниң жанланыўына үлес қосқан.

## 3.2. Шымбай қаласы ҳәм әтирапындағы тарийхый естеликлер

Шымбай қаласының тарийхый ҳәм мәдений естеликлерин үйрениў үлкен аҳмийетке ийе. Шымбайдағы ең белгили тарийхый естеликлердиң бири Хан мешит болып есапланады. Ол Кегейли каналының оң тәрепинде жайласқан. Хан мешитте бурын жума намазы оқытылатуғын болса, ҳәзирги ўақытта пайдаланыўға жарамсыз болып қалған. Тарийхшы Х.Есбергеновтың жазыўынша Хан мешит бизиң жыл есабымыз бойынша 1904-1905-жыллары

---

[1] Урумбаев Ж. Очерки истории школ Каракалпакстана. Н. 1974. 73-бет.

[2] Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Н. 1993. 389-бет.

Ийгилик байдың жәрдеми менен салынған. Хан мешиттиң ишинен XV әсирге тийисли 48 куплеттен ибарат парсы тилинде жазылған тас плита табылған. Бул бойынша еки пикир бар: бири, Алланазар ахун Қосназаровтың тас плитадағы жазыўларды оқыўы бойынша бизиң жыл есабымызда 1410-1411-жылларға туўра келеди. Ал Шығыстаныў институтының илимпазлары жазыўды XVIII әсирге тийисли деп көрсетеди. Бирақ тексттиң толық аўдармасы еле анықланбаған.[1]

Сонлықтан да тас плитадағы жазыўларды тереӊ үйрене отырып, оның толық ҳәм анық аўдармасын жергиликли халықтың тарийхы ҳәм мәдений тарийхы бойынша дерек ретинде қолланыў керек екенлиги айтылады. Соның менен бирге айрым қатарлардың мазмуны белгили болып, онда тек ғана Шымбай қаласының социал-экономикалық, сиясий ҳәм мәдений турмысының дәрежесин көрсетип қоймастан, ал Қарақалпақстан халқының XVIII-XX әсирдиң басындағы мәдений турмысын да көрсетеди.[2]

Шымбай қаласындағы белгили ҳәм халкымыз тарийхында өз орнына ийе естеликлердиң бири тас больница болып есапланады. Естелик патша Россиясы дәўиринде салынған. Бул жерде 1916-жылы патшашылыққа қарсы үлкен көтерилис келип шыққан. Сондай-ақ 1919-жылы 5-14-август күнлери тас больница комиссарлардың штабы ҳәм олардың жасаған жайы болғанлығы айтылады. 1919-жылы 14-август күни бул комиссарлар қолға алынған. Жайдын улыўма көриниси «Е» формасында салынған. Жай 12 бөлме, 1 узын дәлиз, 28 айна, 16 қапыдан ибарат. Тас больница архивлик мағлыўматлар бойынша 1916-жылы 15-июньда питкерилген. Оған шәртнама бойынша 31726 р. 26 к. қаржы жумсалған.[3]

1970-жыллардан баслап жергиликли тарийхшылар Шымбайдағы ҳәм оның әтирапындағы тарийхый естеликлерди изертлеў бойынша жумыс алып барды. Олардың изертлеў жумысларында Ережеп қала, Сасық бийдиң қорғаны, Айымбет ийшан медресеси сыяқлы естеликлердиң планларын алып, олардың салыныў тарийхы бойынша баҳалы мағлыўматлар жыйнады.

Усындай естеликлердиң бири Ережеп қала болып, Шымбай қаласының шығысында 3 км дай қашықлықта жайласқан. Илимпазлардың мағлыўматы бойынша қала XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң орталарында салынған. Ҳәзирги ўақытта бул естеликтиң пақсалары қулап, тек ғана үйилген топырақлары арқалы орнын анықлаўға болады. Ережеп қала ҳаққындағы дәслепки мағлыўматты 1874-жылы Шымбайға келген Л.Соболевтың

---

[1] Есбергенов Х. Шахтемир – предшесттвенник города Чимбая.// Тезисы Докладов научно-практической конференции «Шахтемир - Чимбай». Н. 1995. 22-бет.

[2] Новицкий И.О. «Арабо-персидские письменные источники города Чимбая»// Тезисы Докладов научно-практической конференции «Шахтемир - Чимбай». Н. 1995. 29-32-бетлер.

[3] Кудияров Ә. Шәҳәр шежиресинен бир пәрше.// «Қарақалпақстан» журналы. №1-3. 2003. 57-бет.

жазғанларынан билиўге болады. 1874-жылы 3-июнь күни дилмаш Сартланов, И.А.Александров, еки Ураллы казакты алып Л.Н.Соболев Ережеп бийди көриў ушын қорғанына барады.

1985-жылы республикамыз илимпазлары Ережеп қала естелигин барып көреди. Олардың жазып алған мағлыўматы бойынша Ережеп бийдиң қаласы саўлатлы, көздиң отын аларлық төрт минары, хош рейли дәрўазасы бар еди. Ат қосшылар минарға шығып төрт дәрбентке бақлаў жүргизип турған. Ал ҳәзир сол төрт минар дүмпешикке айланған.[1]

Ережеп бийдиң қорғанының жобасы тарийхшы-этнограф Х.Есбергенов тәрепинен исленип 1980-жылы Ташкентте рус тилинде шыққан «этнография каракалпаков» китабында жәрияланады.[2]

Шымбай қаласының шығыс тәрепинде Тақжап каналының бойында XVII әсирде салынған Сасық бийдиң қорғаны бар. Қорғанның схемалық көриниси Х.Есбергенов тәрепинен исленип, жоқарыда көрсетип өткен Қарақалпақлардың этнографиясы китабында жәрияланған. Оның көрсетиўи бойынша Сасық бий қорғаны XVII-XVIII әсирдиң басында пақсадан қурылған. Х.Есбергенов тарийхый дереклерге сүйене отырып, қарақалпақлардың қазақ ханы Тәукениң қурамында жасаған дәўирлеринде, оның қарақалпақлар арасындағы толық ҳуқуқлы ўәкиллериниң бири Сасық бий болғанлығын атап өтеди.[3]

Сасық бий ҳаққында кейинги ўақытларда ғалаба хабар қуралларында бир қанша илимпазлардың, атап айтқанда С.Камалов, Х.Есбергенов, О.Юсупов, А.Қудияров, жазыўшылардан Ж.Муратбаевтың «Дығырық» романы, сондай-ақ газета-журналларда мақалалар жәрияланып, Сасық бийдиң қарақалпақ халқының белгили тарийхый тулғасы ретинде, халықтың келешеги ушын гүрес жүргизген басшыларының бири ретинде сөз етиледи.

Илимпазлар үлкемизге келген рус экспедициясы ағзалары тәрепинен көп тилге алынған естеликлердиң бири Айымбет ийшан медресеси. Бул естеликтиң де схемалық планы Х.Есбергенов тәрепинен жоқарыдағы көрсетилген китапта бериледи. Медресе Қарақалпақстандағы ең ерте қурылған медреселердиң бири. Өзиниң формасы бойынша Айымбет ийшан медресеси XVII-XVIII әсирдеги естеликлерди еслетеди. Халық аўзындағы мағлыўматлар ҳәм археологиялық дереклер Айымбет ийшан медресесиниң XVI-XVII әсирдиң басларында салынған деп көрсетеди.

Тарийхшы М.Қарлыбаев Айымбет ийшанды XIX әсирде Қарақалпақстандағы ең үлкен мешит-медресесине ийе ийшан ретинде көрсетеди. Сондай-ақ Айымбет ийшанның шынжырма-шынжыр киятырған

[1] Қыпшақ Ережеп бий, Аға-баба. Н. 1992. 11-12-бетлер.
[2] Этнография Каракалпаков. XIX – начало XX века. Т. 1980. 21-бет.
[3] Есбергенов Х., Хошниязов Ж. Этнографические мотивы в Каракалпакском фольклоре. Т. 1988. 65-бет

әўладларын избе-из көрсетип береди. Оның ата-бабалары арасында қарақалпақ халқының тарийхында үлкен роль ойнаған тарийхый тулғалардың да болғанлығы атап өтиледи. Урпақларының бири Муптулла мақсымның мағлыўматлары бойынша Айымбет ийшанның өмири ҳәм хызмет еткен ўақты XVIII-XIX әсирдиң биринши ярымына туўра келеди. 1928-жылы Қарақалпақстанда барлық мешит-медреселер жаўылады.[1]

Шымбай қаласындағы тарийхый орынларға өнерментшилердиң жайласқан жерлерин де көрсетиўге болады. Кәсип ийелери өзлерине қолайлы жағдайларын есапқа алып белгили орынларда орналасқан. Атап айтқанда Үйши аўыл, Көкши қала, Қумбызшы аўыл, Қаншаның қудығы ҳәм басқа да атамалар ушырасады. Көкши қала қаланы патасламас ушын қаланың шетине орналасқан. Қумбыз қала бир орында болып Зәрип улы Рамбергенниң ҳәм оның әўладларының атадан балаға өтип киятырған кәсиби болып есапланады. Қаладағы белгили тарийхый орынлардың бири қудықлар болып есапланады. Олардың айрымлары бүгинги күни жарамсыз ҳалға келип көмилип қалған болса, ал айрымлары елеге шекем халқымызға хызмет етип киятыр. Солардың ишинде Қаншаның қудығы Шымбай қаласы турғынларына кеңнен белгили. Қудық бүгинги күнге шекем өзиниң әҳмийетин жоғалтпастан халықты ишимлик суў менен тәмийинлеп киятыр. Жергиликли қатықулак жасы үлкенлердиң айтыўы бойынша Көкши қалада Қанша деген бай ҳаял жасаған. Ол өзи отырған жерден қудық қаздырып ишин пискен гербиш пенен өрдиреди.

Бул естеликлер қала тарийхын, оның материаллык мәдениятын үйрениўде үлкен әҳмийетке ийе.

### 3.3. Шымбай қаласының мәдений ҳәм руўхый турмысы

Халықтың мәдений байлықлары, оның руўхый мийраслары шығыс халықлары ушын мың жыллар даўамында оның руўхыйлығының қүдиретли дереги болды. Ол узақ ўақыт идеологиялық қысымның қыспағында болыўына қарамастан қарақалпақ халқы, өзиниң урпақтан-урпаққа өтип киятырған тарийхый мәдений байлықларын, өзине тийисли дәстүрлерин сақлап келди.

Ҳәр бир әўлад өзлигин билиў арқалы, өз әўладларының, ата-бабаларының қандай өмир сүргенин билиўге хәрекет етеди. Олардың калдырған мийраслары арқалы мақтаныш сезиминде жасайды.

Ҳақыйқатында да халқымыздың тарийхый ҳәм мәдений мийраслары оғада бай болыў менен бирге, бүгинги күни дүньяның көпшилик еллериниң

[1] Қарлыбаев М. Медресе в Каракалпаки XIX - начала XX веков. Н. 2002. 44-бет.

итибарын өзине қаратпақта. Олардан нәр алып өсип өнген перзент әлбетте ҳеш қандай қыйыншылықлардан қорықпастан өз ўатанын барқулла қорғай алатуғынлығына исенимимиз кәмил. Усындай жаслар ғана ўатанымыздың раўажланыўына, өз ўатанының қудретине дақ түсирмейди. Сонлықтан да ата-бабаларымыз келешек жаслардың дени-саў, шыныққан, ҳүжданлы, мийримли, туўылған жерин қәстерлеўге үйретип барған. Әмиўдәрья экспедициясынын ағзаларының бири Н.А.Каразин 1874-жылы Шымбай базарында 80 жасар кемпирден «ҳаяллар ханлығы ҳаққында ертек» жазып алады. Бул ҳәм басқа да мәдений мийраслардың үлгилери Шымбай қаласында XIX – XX әсирлерде де даўам еткен.

Шымбай мектебиниң белгили шайыры ҳәм қосықшы-қыссаханы Қазы Мәўлик болып есапланады. 1933-жылы ол профессор А.А.Соколов пенен ушырасып, Қазы Мәўлик Шымбай мектебиниң белгили шайыры әдебияттағы саўатлы шайыры деп ҳарактеристика береди. Ол араб, парсы тиллерин билетуғын саўатлы адам болған. Ол биринши рет Шымбай қаласындағы Али ахун мешит-медресесинде оқып, кейин Бухарада оқыйды. Китап алып келиў ушын Ташкенттеги Көкалдаш медресесине қатнаған. Алып келген китапларды қайта көшириўшилерди шөлкемлестирип, аўдарма ислеп ҳәм халық арасына тарқатып отырған. Базарда китап дүканын ашып, китапларды сатқан. Қазы Мәўлик шығыс поэмаларын билетуғын белгили қыссахан-оқыўшы болып, қыссахан-оқыўшыларды таярлаған. Ол қосықлар дөретиў менен бирге халық қосықларын жақсы атқарыўшыда болған.

Шымбай қаласы ҳәм оның әтирапындағы турғынлардан илимпазлар тәрепинен китаплар, қолжазбалар, аўызеки шығармалар, араб ҳәм түрк тиллериндеги шығармалар көплеп таўылған. Булардың барлығы Шымбай қаласы ҳәм оның әтирапындағы турғынлар арасында билимли адамлардың көп екенлигин көрсетеди. Олар араб ҳәм парсы тиллеринде еркин оқып ҳәм жазыў менен бирге өз билимлерин басқаларға да өткерип отырған. Олардың көпшилиги мектеп, мешит, медресе қурып ҳәм оларға басшылық еткен.

Қаллы Айымбетов өзиниң еске түсириўлеринде Шымбай базарында Әбиў Бәкир Диваев тәрепинен шығарылған «Алпамыс», «Қоблан», «Қыз жипек» дәстанларының сатылғанлығын айтып өтеди. 1960-1996-жыллардағы тарийх-этнографиялық экспедициясының ағзалары шығыс тиллериндеги XIX-XX әсирлерге тийисли көплеген китапларды табыўға ерискен. 1960-жылы Алламберген Мәтназаровтың үйинде «Шахы Хорезм», «Зархун», «Туснаме», «Ашық Хамре» китапларын көрген. 1974-жылы тарийхшы Х.Есбергенов ҳәм А.Өтемисовлар Оразымбетов Мәтнияздың үйинде «Шахнама», «Розади шахшада», «Искендернаме», «Алты бармақ» ҳәм басқа да китапларды есапқа алғанлығын жазады.

Бул ҳәм басқа да табылған көплеген китаплар ҳәр қыйлы илим тараўларын өз ишине қамтыйды. Ол китаплардың басым көпшилиги диний тараўларға арналыў менен бирге мусылман хуқықтаныўына да арналған китапларды өз ишине алады. Сондай-ақ бул китаплардың, қолжазбалардың ишинде шаңарақ ҳәм шаңарақ-турмыс қатнасықлары, саўда, мийрасты бөлисиў, ҳәр қандай қадаған етиўшилик, соның менен бирге аўрыўды емлеў ҳәм тағы басқа да тараўлар бойынша китаплар ушырасады.

Бул китаплар ҳәм қолжазбалар ишинде жергиликли халықлардың тарийхы, географиясы, математика, медицина, тил ҳәм әдебиятқа байланыслы китапларда ушырасады. Солардың ишинде Раўзад-ас-Сафа, Искандернаме, Ажаиб аль Махлухат, XI әсирдеги белгили түрк тилшиси Махмуд Қашқарийдиң сөзликлери ҳәм тағы басқа да китаплардың ушырасатуғынлығын атап өтиў жеткиликли. Шымбай қаласында Избасар Жаббарқуловтың үйинен араб жазыўындағы түрк тилиндеги китап ҳәм қолжазбалар табылған. Олардың ишинде «Ибрахим Адхам», «Ашық Хамра», «Суфы Аллаяр» ҳәм тағы басқа да китаплар бар.[1]

Шымбай қаласында ҳәм оның әтирапында ертекшилер, қосықшы ҳәм руўхый ағартыўшы инсанлар жасаған. Бурыннан дәстүр болып киятырған байрамларда қыз-жигитлердиң отырысы, айтыс, масқарапаз ҳәм қызықшылар, дәрўазшылар ҳәм тағы басқалар болған.

Қарақалпақ халқының тарийхында ерте дәўирлерден баслап бүгинги күнге шекем даўам етип киятырған миллий ойынларының бири Көкпар болып есапланады. Көкпар ойыны қоңсы халықларда да бар болғаны менен, олар бир-биринен айрылып турады. Көкпар ойыны Қарақалпақстан аймағының барлық жерлеринде болғанлығы, Қусхана таў әтирапында, белгили Хан мақсымның тойында, Шымбайлы Ахмадий Ноғайдың тойында, ҳәттеки 1930-жыллары республикамыз басшылары да қатнасып, көкпар жеңимпазларын сыйлықлағанлығы туўралы газета бетлеринде мақалаларда жәриялаган.

Усындай мийрасымыз арқалы халқымыз өзиниң бай мәдениятқа ийе екенлигин, дүнья мәдениятында орнының бар екенлигин танытып келмекте.

Оларды үйрениў, келешек әўладқа жеткериў арқалы өзлигимизди билиў ҳәр бир жастың елимиз алдындағы ўазыйпаларының биринен есапланады.

Бүгинги күни халқымыздың руўхый дүньясын қәлиплестириў, адамларды ҳәртәреплеме жетик инсан етип жетилистирип барыў, әсиресе жас әўладты дүньяға жаңаша көз-қарас, жаңаша руўхыйлық негизинде тәрбиялаў күнделикли турмысымыздың ең әҳмийетли ўазыйпалары болып есапланады.

---

[1] Кудияров А.Р. Культура городов Каракалпаки (XVIII - начало XX вв).// Материалы II – научно-теоретической конференцы студентов, магистрантов, молодых ученых, преподавателей: «Мир науки и духовной культуры в современных условиях». Н. 2009. 226-бетлер.

## Жуўмақлаў

Шымбай қаласы мысалында халқымыздың тарийхын үгит-нәсиятлаўда кең түрде жумыс алып баратырғанлығының гуўасы болдық. Илимпазларымыз ҳәм басқада қызығыўшылар тәрепинен жәрияланып атырған мақалалар, Шымбай қаласының тарийхын, руўхый-мәдений турмысын, илим-пәнниң орны ҳәм тағы басқада материаллар тек ғана Шымбай қаласының емес, ал халқымыздың ҳәр тәреплеме турмысын үйрениўде баҳалы дерек болып хызмет етеди. Халқымыздың өтмишинен қалған мийраслар, жаслар тәрбиясында, олардың ой-пикирлерин байытыўда үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтан да бүгинги күни, усы мийраслар тек қарақалпақ халқының турмысында емес, ал улыўма жер жүзилик көлемде тән алыныўына ериcти. Оның мысалы ретинде музейимиздиң дүньяның көплеген еллеринде экспонатларын көрсетпеге қойыўлары, илимпазлардың мийнетлериниң ҳәм аўызеки әдебиятымыздың мийрасларының шет еллерде баспадан шығыўы, республикамызда тарийхымызға байланыслы халық-аралық конференциялардың өткизилиўин айрықша атаў орынлы болады.

Халық тарийхы ҳәм оның мийрасларын үйрениў арқалы жаслар санасына сиңдириўде, елимиз қудиретин беккемлеўде хызмет етеди.

Сонда ғана бизлер тарийхымызды терең билиў менен бирге, оны толықтырып барыўға үлкен үлес қосқан боламыз.

## Мазмуны


Кирисиў ……………………………………………………………3

1-бап. Шымбай қаласының пайда болыўы ҳәм оның раўажланыў тарийхы ҳаққында ...……………………………………………...5

1.1 Шымбай қаласының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы………..5

1.2 Қаланың басқарыў тарийхы ҳаққында ……...…………………..10

2-бап. Шымбай қаласының хожалық турмысы………. ………………..14

2.1 Шымбай қаласы турғынларының хожалық турмысы…............ 14

2.2 Шымбай базары ҳәм оның әҳмийети……………………….........18

2.3 Шымбай қаласының ишки ҳәм сыртқы саўда байланысы……..22

2.4 Шымбайда санаат кәрханаларының пайда болыўы……………..25

3-бап. Шымбай қаласының мәдений ҳәм руўхый турмысы…………......29

3.1 Шымбай қаласы ҳәм оның әтирапындағы билимлендириў.........29

3.2 Шымбай қаласы ҳәм әтирапындағы тарийхый естеликлер……..31

3.3 Шымбай қаласының мәдений ҳәм руўхый турмысы…………......34

Жуўмақлаў…………………………………………………….. …..37